New York State Education Department
89 Washington Ave, Albany, NY
Dr. Betty A. Rosa, Komisyonè pou Edikasyon

Rapò Anyèl Lekòl Distri Santral East Ramapo
Ane lekòl 2019-20

Denise M. Lowe, Ed. D., Siveyan
Bruce Singer, Siveyan
Pibliye me 2021

Chaj Komisyonè a bay Komisyonè yo

Nan dat 5 mas 2020, Komisyonè Pwovizwa Shannon Tahoe ki nan Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la (NYSED oswa "Depatman an") te nome Mesye Bruce Singer kòm Sipèvizè finansye pou akonpanye Doktè Denise Lowe kòm Sipèvizè pou East Ramapo Central School District (ERCSD oswa "Distri a"). Mesye Singer ranplase Mesye Charles Szuberla ki te sèvi kòm inite sipèvizè finansye 8 jiyè 2019. Inisyativ siveyans pou ane akademik 2019-20 la baze sou travay sipèvizè yo te fè depi jen 2014 e ki te gen ladan l kolaborasyon avèk Konsèy la ("Konsèy") ansanm ak direksyon Distri a pou mete sou pye plan estratejik alontèm pou amelyorasyon akademik ak plan pou amelyorasyon fiskal; amelyore planifikasyon fiskal ak bidjetè; epi bay yon sipèvizyon, jan yo mande sa nan Chapit 89 nan Lwa 2016 yo, antanke lwa ki te amande. Rapò sa a konsantre sou kondisyon akademik ak fiskal Distri a pou ane lekòl 2019-20 an.

Òganization Rapò a

Rezime Jeneral 4

Rezime Distri 7

Responsablite Akademik 9

Plan Akademik Estratejik Alontèm 12

- Ansèyman ak Ansèyman 12
- Edikasyon espesyal ak sipò pou elèv yo 23
- Elèv k ap Aprann Anglè 27

Pwogram Finanse 30

Obsèvasyon sipèvizè yo konsènan gouvènans ak Lidèchip 35

Plan Amelyorasyon Fiskal Alontèm 36

Enkyetid Sipèvizè yo 45

Rekòmandasyon Sipèvizè yo 46

Konklizyon 47

Atachman 49

Rezime Jeneral

Dr Denise Lowe ak Mesye Bruce Singer bay yon evalyasyon nan rapò ki vin annapre a, ki se sipèvizè Komisyonè a te asiyen nan ERSCD yo, de travay distri a ap fè pou mete sou pye plan estratejik akademik ak fiskal alontèm li yo pandan ane lekòl 2019-2020 an, difikilte Distri a pral rankontre pandan ane eskolè 2020-2021 an, ak rekòmandasyon pou Distri a aji.

Plan pou Amelyore Ansèyman

Pou jiskaske lekòl vin fèmen akoz pandemi an ki te vin deranje pwogram ansèyman an, ERCSD te kontinye ap fè plis pwogrè pandan ane lekòl 2019-2020 an nan aplike plan akademik estratejik alontèm Distri a.

Youn nan prensipal pwoblèm Distri a genyen se ogmantasyon kantite moun k ap diplome nan lekòl segondè pandan kat (4) ane, ki toujou rete pi ba pase mwayèn Leta a. Gwo pwogrè ki fèt nan lekòl segondè Spring Valley te konpanse grasa rediksyon ki fèt nan lekòl segondè East Ramapo a, ki esansyèlman te montre kantite moun ki te diplome nan mwa out sou kat ane Distri a pa t chanje konpare ak ane lekòl 2018-19 la. Li kontinye esansyèl pou fokis sou kwasans ti gwoup yo.

Youn nan pwen ki remakab pandan ane eskolè a, se te reyalizasyon lekòl primè Chestnut Ridge la, ki te yon lekòl priyoritè nan ane 2015, ki sètifye kòm pwogram premye sikl segondè nan bakaloreya entènasyonal nan dat 25 jen 2020. Anplis de sa, sis (6) lekòl nan Distri a te resevwa meday bwonz Alyans pou yon jenerasyon ki an sante epi ki gen estati youn nan lekòl ki pi an sante nan Amerik la. Distri a tou te kontinye devlope pwogram lekòl segondè Early College li a ki bay elèv yo opòtinite ak preparasyon ki nesèsè pou pouse yo fini etid segondè yo pandan y ap jwenn kredi nan enfòmatik ki ka transfere nan menm moman an. Elèv ki resevwa yon Sètifika nan men Leta antanke elèv ki pale ak ekri nan de (2) lang, epi ki patisipe nan Asosyasyon Mizikal Eskolè ak aktivite ki makonnen ak Asosyasyon Mizikal nan Depatman Rockland lan, te kontinye ogmante.

Yon lòt faktè enpòtan nan pwogrè yo se te lefètke Distri a te mete sou pye pwogram devlopman pwofesyonèl li a, ki chita sou fason enfòmasyon yo evolye nan Distri a. Piske Distri a te oblije fèmen lekòl yo, pwogram devlopman pwofesyonèl la te konsantre sou fòmasyon anplwaye yo pou yo ka itilize materyèl elektwonik yo, tankou Schoology (yon anviwònman ansèyman sou entènèt ak yon sistèm jesyon pou sèvis rezo sosyal yo) ak Google Classroom, pou bay fòmasyon.

Pandan pandemi an, chak lekòl te devlope epi aplike plan ansèyman a distans pa yo, epi Distri a te kowòdone grasa yon bann òganizasyon nan depatman an, yon fason pou ede fanmi ki te bezwen sèvis sosyal yo.

Divizyon ki gen nan kominote a kontinye afekte efò Distri a ap fè pou amelyore rezilta eskolè yo, e sa diminye kapasite Distri a genyen pou jwenn resous apwopriye pou sipòte sistèm eskolè piblik la. Piske pa t gen yon akò ant direksyon Asosyasyon Pwofesè East Ramapo yo ak Distri a pou elèv yo ka retounen lekòl pou yo jwenn yon ansèyman an pèsòn nan nenpòt nivo, sa rete yon defi tou pou Distri a. Anplis defisi resous sa a, pandan plizyè ane, Distri a te pran desizyon

konsènan itilizasyon ak aplikasyon resous yo ki te lakòz yon absans total travayè sosyal yo ak lòt mwayen ki bay posibilite pou reponn kòmsadwa ak bezwen sosyo-afektif elèv yo.

Piske Distri a te pèdi pwosè seksyon Spring Valley ki nan Asosyasyon Nasyonal pou Avansman moun de Koulè yo (National Association for the Advancement of Colored People, NAACP) te lanse a, kounye a, Distri a dwe mete sou pye yon nouvo sistèm sikonskripsyon pou yo rive eli manm nan konsèy eskolè yo.

Nesesite ki genyen pou Konsèy la mete sou pye pi bon pratik pou dirije yo rete yon pwoblèm pèmanan, e se responsabilite Konsèy la pou jwenn nouvo direktè ki gen kapasite pou rasanble tout komite a yon fason pou ede epi bay tout elèv ki rezidan edikasyon yo gen bezwen epi yo merite a. Sa vle di, chwazi yon direktè ki gen kapasite pou reyisi konvenk elektè yo, pou pouse yo aksepte bidjè lekòl la yon fason pou evite posiblite ki genyen pou Distri a vin ap fonksyone nan move kondisyon.

Nan dènye ane ki sot pase yo, pwogrè Distri a fè nan mete lekòl kindègadenn aplentan ansanm ak yon pwogram mizik ak kilti ki solid pral bese pandan ane lekòl 2020-2021 akòz rediksyon yon milyon dola nan alokasyon lejislatif espesyal Distri a epi paske elektè yo pa reyisi adopte Bidjè distri a.

Yon lòt defi pou Distri a pandan ane lekòl 2020-2021 la se pral bay elèv ki ka resevwa tout oswa yon pati nan ansèyman adistans yo asistans nan plizyè nivo.

Pou ane lekòl 2020-2021 an, Distri a dwe travay avèk dilijans pou ogmante kantite elèv ki pral diplome nan lekòl segondè nan tout ti gwoup yo, yon kantite ki rete vrèman fèb, pandan y ap kontinye reponn ak bezwen patikilye elèv ki gen andikap yo tou, espesyalman elèv k ap aprann lang anglè yo, ki gen yon pi gwo pousantaj enskripsyon nan Distri a pase tout lòt Distri ki nan Eta a, eksepte youn.

Plan Amelyorasyon Fiskal Alontèm

Efò ERSCD ap fè pou amelyore estabilite fiskal alontèm Distri a te bloke pandan ane lekòl 2019-2020 an. Se vre yo fè kèk amelyorasyon nan metòd ak jesyon fiskal yo, men, gen lòt pwoblèm ki te la depi lontan ki pa t janm rezoud epi gen nouvo defi nan estabilite fiskal alontèm nan Distri a ki te parèt, patikilyèman lè sitiyasyon yo te vin chanje nan Distri a pandan pandemi an ap kontinye. Distri a kòmanse ane lekòl 2020-2021 an pandan y ap fè fas ak gwo pwoblèm finansye ki dwe rezoud yon fason ki fèm pou anpeche Distri a tonbe nan enstabilite finansyè.

Gen gwo amelyorasyon ki te fèt nan domèn transpò elèv yo ak nan envantè estòk liv eskolè yo. Distri a te kreye yon nouvo baz done ki konplè sou transpò ki gen ladan tout enfòmasyon enrejistreman lalwa egzije pou moun ki fèk aplike yo ansanm ak elèv ki pa nan lekòl Leta ki fèk aplike yo. Kounye a, Distri a gen tout dokiman yo anvan li bay transpò a, sa ki ta dwe pèmèt Distri a fè ekonomi. Koulye a, Distri a ap verifye adrès elèv yo tou, ni pou transpò ni pou liv eskolè yo. Pwosesis sa a dwe kontinye. Kòm rezilta, nan mwa jen 2020, envantè liv eskolè yo te konplè epi yo te ajou. Sa pral pèmèt biwo k ap prete liv eskolè yo asire l liv eskolè yo pa depase kantite elèv ki rezide nan East Ramapo yo, sa ki pral fè Distri a fè ekonomi yon lòt fwa ankò.

Pandan ane lekòl 2019-2020 la, gen yon pakèt pwoblèm ki te afekte negativman estabilite fiskal alontèm Distri a. Youn nan pi gwo enkyetid ki te genyen, se te lefètke Distri a pa t gen kapasite pou fè yon bidjè ki koresponn ak depans ki gen rapò ak COVID la epi pran an konsiderasyon nesesite pou mete apa yon bon kantite nan lajan Distri a te resevwa nan kad Lwa CARES la (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security), anplis diminisyon depans ki gen nan depans ki te prevwa yo, bay elèv ki pa nan lekòl Leta yo yon sèvis edikatif san paspouki. Anplis de sa, gen yon kantite kontwòl verifikasyon pou ane ki pase yo ki poko fini, epi Distri a pa t abòde kòmsadwa move itilizasyon ki te fèt nan verifikasyon bon pou kòmann yo, sa ki fè gen yon fay nan pwosedi acha ki apwopriye yo, sa ki ta kapab lakòz yon ogmantasyon nan depans Distri a. Li enpòtan tou pou n note lefetke bidjè ane lekòl 2020-2021 la pa t aplike, ansanm ak pwoblèm jesyon fiskal yo, tout sa pral gen yon enpak negatif sou kantite kòb Distri a pral rantre alavni, kidonk sa pral ogmante depans yo epi diminye resous ki disponib pou sipòte ansèyman an. Lefètke gen plizyè bidjè anyèl ki echwe, alavni, sa pral fè gen yon efè dirèk sou rediksyon posiblite ki genyen pou elèv yo jwenn edikasyon.

Pandan Distri a kòmanse ane lekòl 2020-2021 an, li enpòtan pou Distri a evite fè depans defisitè nan kèk liy bidjetè epi evite fè evalyasyon eksesiv sou resèt Leta ak gouvènman federal yo ki pral disponib pou Distri a. Li esansyèl pou gen yon ajisteman nan bidjè tanporè a parapò ak bidjè yo te pwopoze a yon fason pou gen asirans p ap gen depans anplis. Pou asire sekirite finansye Distri a, sa pral mande pou gen yon amelyorasyon nan kapasite Distri a genyen pou prevwa yon fason ki egzak resèt ak depans yo epi antre yo nan planifikasyon akoutèm e alontèm. Youn nan kle pou amelyore presizyon an se ta dwe yon pi bon kowòdinasyon nan bidjè pèsonèl la ak bidjè depans yo, yon fason pou liy depans pèsonèl yo ka rapwoche kòmsadwa nivo reyèl depans anplwaye yo.

Nou ta dwe atann nou pou ane eskolè 2020-2021 an ka mete aleprèv pwosedi fiskal ak operasyonèl Distri a epi mande yon angajman k ap renouvle bò kote tout aktè yo yon fason pou asire n tout elèv yo jwenn sipò pedagojik yo bezwen pou satisfè egzijans Eta yo.

Ane Eskolè 2019-20 Apèsi sou Pwogram Eskolè a

Lekòl primè yo ki nan Distri a kenbe yon bon nivo pandan ane eskolè 2019-20 an. Akòz pandemi Kowonaviris la (COVID-19), pwogram tès nan Eta Nouyòk la te sispann pou ane eskolè 2019-20 an, avèk nivo responsabilite lekòl yo rete san chanje pou ane eskolè 2020-21 an.

Nouvo Kowonaviris la, COVID-19, reprezante yon menas pou sante piblik, pou kominote a ak pou lekòl yo. Sa ki te lakòz lekòl ki nan East Ramapo yo te fèmen nan dat 6 mas 2020 epi ak twa ka konfime. Aprè lekòl yo te fin fèmen nan dat 6 mas 2020, lekòl ERSCD yo te rete fèmen pou tout rès ane lekòl la. Antanke premye Distri nan depatman Rockland lan ki te fèmen lekòl yo, desizyon nesesè sa yo te pran akoz yon pakèt kesyon ki pa gen repons nan moman sa a; nonsèlman anrapò ak posibilite ki genyen pou pandemi an gaye nan lekòl yo, men tou sa enplike ekipman ki apwopriye pou lekòl yo. Pandan tout tan sa a, Distri a te toujou kominike ak aktè yo epi li angaje l pou li garanti sante ak sekirite chak elèv ak chak manm nan pèsonèl ERCSD a.

Distri a ap egzekite yon Plan Ansèyman Fleksib lakay pou asire l ansèyman an te ka kontinye fèt yon fason rapid. Chak nivo nan òganizasyon an te kontribye pou elèv yo resevwa depi okòmansman kit ansèyman ak pwogram nivo klas yo. Annapre, elèv yo dwe gen materyèl ak yon koneksyon entènèt, sa ki gen ladan 2,800 elèv ki te resevwa materyèl ki soti nan distri a, yo te kapab jwenn aksè nan gid Ansèyman fleksib a domisil ki pou Fanmi yoansanm akpaj ansèyman fleksib adomisil (FHL) nan ERCSD a. Paj FHL la te gen orè ansèyman yo te pwopoze paran yo pou rive jere tan elèv yo ap pase nan travay, leson adistans pwofesè yo bay grasa etablisman ki t ap soutni objektif ansèyman yo ki chita sou prensip Eta Nouyòk la, ansanm ak resous pou soutni fanmi yo ak anplwaye yo. Pandan yo te fèmen an, direksyon lekòl yo ak biwo santral te siveye pwogam leson yo ak ansèyman anpa mwayen Google Meet. Pandan yo te adistans, manm pèsonèl la te patisipe nan seyans devlopman pwofesyonèl sou entènèt ak seyans sou kominote ansèyman pwofesyonèl ki te dirije pa etablisman an pou yo te rive prezante materyèl yo ak Metòd elektwonik yo pou sipòte ansèyman adistans elèv yo.

Nou dwe note reyalizasyon lekòl primè Chestnut Ridge la, ki te yon lekòl priyoritè nan ane 2015, ki te kalifye kòm pwogram premye sik segondè nan bakaloreya entènasyonal nan dat 25 jen 2020.

Rezime Distri

Tablo 1. Enskripsyon

Tigwoup	2017-18	2018-19	2019-20
Pre-K (Demi Jounen)	1691	1,691	1,694
Pre-K (tout Jounen)	99	100	100
K-12 Piblik	8,843	8,834	9,387
K-12 Ki prive	26557	27,679	28,671

Tablo 2: Enskripsyon lekòl piblik K-12 selon ras

Tigwoup	2017-18	2018-19	2019-20
Ameriken Nwa oswa Afriken Nwa	31.7%	30.0%	26.0%
Ispanik oswa Latino	59.6%	61.8%	66.7%
Azyatik/Zile Pasifik	3.9%	3.6%	3.1%
Blan	3.9%	3.7%	3.4%
Plizyè Ras	0.8%	0.8%	0.7%
Endyen Ameriken oswa Natifnatal Alaska	0.1%	0.1%	0.1%

Tablo 3: Enskripsyon lekòl piblik K-12 - Lòt gwoup yo

Tigwoup	2017-18	2018-19	2019-20
Elèv k ap Aprann Anglè	37.4%	36.9%	41.2%
Elèv ki gen Andikap	18.7%	18.2%	16.4%
Moun ki gen pwoblèm ekonomik	88.9%	87.4%	89.2%

Tablo 4: Gwosè Mwayèn Klas yo

Nivo klas / kou	Gwosè Maksimòm Klas yo
Mizik Enstrimantal Segondè	12
Ansèyman Segondè Pou Anpil Moun (Gwoup Mizikal)	75
Klas 7yèm rive 12yèm ane	25
Klas 7yèm rive 12yèm ane A Risk	24
Klas 7yèm rive 12yèm ane ak Mansyon	29
Klas 7-12 AP	30
Klas 4yèm rive 6yèm ane	31
Klas 1ye rive 3yèm ane	28
Matènèl	26
Edikasyon Espesyal	Sa depan de bezwen ak varyete yo, soti nan 6: 1: 1 rive 17: 1

Tablo 5: Gwosè Mwayèn Klas yo Selon Kou Nivo Eskolè

Kou Nivo Eskolè	Gwosè Mwayèn Klas yo Ant 2020

Klas 8yèm ane	
Anglè 8	20
Matematik 8	21
Syans 8	21
Syans Sosyal 8	21
Klas 10yèm ane	
Anglè 10	21
Matematik 10	21
Syans 10	21
Syans Sosyal 10	21

Nòt: Gwosè mwayèn klas yo se enskripsyon total nan klas yo chwazi yo divize pa kantite klas sa yo ak anrejistreman.

Responsablite Akademik

Tablo 6 Nivo Responsablite Distri yo ak Lekòl yo

NON	2018-19 Nivo Responsablite	Nivo Responsablite 2019-20
EAST RAMAPO CSD (SPRING VALLEY)	*Sib Distri a*	*Sib Distri a*
LEKÒL PRIMÈ FLEETWOOD	An Règ	An Règ
LEKÒL PRIMÈ GRANDVIEW	An Règ	An Règ
LEKÒL PRIMÈ HEMPSTEAD	An Règ	An Règ
LEKÒL PRIMÈ KAKIAT	An Règ	An Règ
LEKÒL PRIMÈ MARGETTS	An Règ	An Règ
RAMAPO LÈS TIMOUN PITI CTR NAN KAKIAT	An Règ	An Règ
LEKÒL PRIMÈ SUMMIT PARK	An Règ	An Règ
LEKÒL PRIMÈ CHESTNUT RIDGE	An Règ	An Règ
LEKÒL SEGODÈ SPRING VALLEY	*Lekòl TSI*	*Lekòl TSI*
LEKÒL PRIMÈ POMONA	An Règ	An Règ
LEKÒL PRIMÈ ELMWOOD	An Règ	An Règ
LEKÒL SEGONDÈ RAMAPO	*Lekòl TSI*	*Lekòl TSI*
LEKÒL PRIMÈ LIME KILN	An Règ	An Règ
LEKÒL PRIMÈ ELDORADO	An Règ	An Règ

Tablo 7. Konpetans nan lang anglè de 3 a 8 tan (pa disponib pou rapò ane lekòl 2019-20)

Table 8. Konpetans Matematik de 3 a 8 tan (pa disponib pou rapò ane lekòl 2019-20) Table 9: Kantite elèv ki Diplome nan Lekòl Segondè pandan Kat (4) Lane nan mwa Out

Klas	# Diplome	% Diplome nan Distri a	# RHS Diplome	% RHS Diplome	# SVHS Diplome	% SVHS Diplome
Distri						
2020	493	65%	261	66%	227	69%
2019	478	65%	281	75%	192	62%
2018	407	60%	212	66%	193	60%
2017	364	59%	199	65%	164	58%
2016	439	67%	225	67%	209	71%
2015	445	66%	236	68%	205	69%
Ispanik oswa Latino						
2020	243	55%	130	56%	112	56%
2019	187	53%	105	61%	81	49%
2018	153	47%	74	50%	79	46%
2017	116	40%	69	48%	47	33%
2016	133	55%	72	54%	61	58%
2015	125	57%	58	53%	67	62%
Nwa oswa Afriken Ameriken						
2020	204	81%	108	81%	94	88%
2019	237	81%	140	86%	93	77%
2018	207	75%	112	80%	95	74%
2017	202	77%	99	78%	103	82%
2016	251	75%	116	73%	131	78%
2015	251	70%	132	71%	117	71%
Elèv k ap Aprann Anglè						
2020	67	26%	34	25%	33	29%
2019	57	26%	29	31%	28	24%
2018	35	17%	12	14%	23	20%
2017	10	6%	2	3%	8	8%
2016	9	8%	2	4%	7	13%
2015	12	13%	6	14%	6	13%
Elèv ki gen andikap						
2020	87	70%	34	79%	48	86%

2019	67	58%	38	84%	24	77%
2018	53	50%	28	76%	23	59%
2017	42	45%	24	77%	17	52%
2016	60	55%	27	69%	28	61%
2015	33	32%	16	48%	13	37%

Evalye Pwogrè Elèv la

Pandemi COVID-19 la te vrèman deranje sèvis edikatif yo t ap bay elèv yo. Kòm rezilta, Konsèy Dirijan yo te anile egzamen Eta yo pou ane lekòl 2019-20 an. An konsekans, objektif ki anba yo ki te baze sou rezilta egzamen Leta yo pa t kapab evalye. Objektif Distri yo pa chanje, epi Distri a okouran pratik pwofesyonèl yo ak estrateji edikatif yo dwe evolye pou reflete milye ansèyman ki la kounye a.

Objektif Distri yo

Objektif 1: Siksè nan premye ane yo
Chak elèv pral demontre yon preparasyon sosyal, emosyonèl ak eskolè k ap pèmèt yo atenn oswa depase kritè nivo eskolè yo nan fen dezyèm ane a.

Objektif 2: An Sante, an Sekirite, ap resevwa Sipò, Angaje epi Teste
Yo pral epwouve chak elèv, nan yon anviwònman ansèyman sekirize, pou yo ka vin yon sitwayen pwodiktif e angaje ki kapab fè fas ak gwo egzijans.

Objektif 3: Pansè kritik ki Motive, an Konfyans epi Otonòm
Chak elèv pral responsab edikasyon yo epi yo dwe angaje yo konplètman pou yo vin yon aktè kritik e kreyatif nan detèminasyon objektif yo.

Objektif 4: Metriz nan matyè akademik ak kiltirèl yo
Chak elèv ap atenn oswa depase nivo tout matyè yo, sa gen ladan aktivite kiltirèl yo, nan fen tranzisyon nan klas enpòtan yo.

Objektif 5: Diplòm etid segondè ak preparasyon pou antre nan kolèj epi fè karyè
Chak elèv ki pral diplome nan lekòl segondè t ap prepare yo pou antre nan kolèj, fè karyè, ak eksperyans apre yo kite lekòl.

Plan Akademik Estratejik Alontèm

Ansèyman ak Ansèyman

Biwo pwogram eskolè ak fòmasyon an siveye epi administre pwogram yo, fòmasyon yo, egzamen yo ak devlopman pwofesyonèl ki ann amoni ak pwogram espesifik selon prensip Ansèyman Eta Nouyòk yo epi ankouraje amelyorasyon lekòl la ak siksè akademik yo. ERCSD k ap desèvi 9,387 elèv, te gen yon ogmantasyon 10% nan enskripsyon elèv ki soti a 8,497 elèv nan ane lekòl 2014-2015 lan, sa ki lakòz yon ogmantasyon nan anplwaye kalifye yo, soti nan 640 nan ane 2015 pou rive nan 828 nan ane 2019.

Pou sipòte efò k ap fèt nan lide pou amelyore siksè elèv yo, ERCSD te adopte yon apwòch efikas, pandan l konnen kwayans yo enpòtan pou ankouraje sante, byennèt, ak siksè nan kominote edikatif la.

Ann amoni ak Plan Akademik Estratejik Distri a, ak prensip ansèyman Eta Nouyòk la epi ak manda Federal yo, ERCSD kenbe yon angajman pèmanan pou edike konplètman yon timoun epi pou rezilta elèv yo ka ekilibre - atant debaz ERCSD.

Angajman sa a te pèmèt tout 12 lekòl primè yo rive jwenn estati lekòl ki "An Règ", tout pandan 2 lekòl segondè yo te bezwen Sipò ak bonjan Amelyorasyon (TSI) pou pèfòmans tigwoup espesifik elèv yo. Distri a te konsantre sou bay bonjan sipò ak sipèvizyon nan lekòl sa yo pou ede yo atenn objektif reyisit elèv yo.

Pandan ane lekòl 2019-2020 an, inisyativ yo te kontinye nan tout distri a e yo te bay priyorite nan domèn sa yo: lekòl matènèl tout jounen; lidèchip ki baze sou prèv; ensèyman espesifik; planifikasyon estratejik / priz desizyon ki kore ak enfòmasyon; pwogram etid ak aliyman materyèl ki chita sou prensip; pwogramasyon; elaji sipò pou entèvansyon nan matyè fondamantal yo; ogmante opòtinite anrichisman yo atravè devlopman pwogram atistik yo, soti nan klas matènèl pou rive nan 12yèm ane; epi itilize fòmasyon teknoloji a pou akselere pwogrè yo atravè yon apwòch ansèyman miks pou yon fòmasyon ki adapte.

Avèk aparisyon COVID-19 la, ERCSD te bay opòtinite pou devlopman pwofesyonèl ki pa t ap chèche satisfè sèlman bezwen edikatif ki genyen pandan epòk san parèy sa a, men tou li te mete aksan epi sipòte inisyativ yo te pran nan tout distri a nan lide pou asosye metòd ki pi bon yo ki baze sou rechèch ak eksperyans ansanm ak teknoloji. Apwòch ansèyman ak ansèyman sa a ann amoni ak objektif Plan Estratejik Akademik Alontèm nan entansyon pou bay elèv yo opòtinite pou yo vin konpetan pandan y ap sèvi ak konpetans 21yèm syèk yo. Pandan peryòd sa a, anplwaye Distri a ogmante konpreyansyon yo ke yon dizayn ki entegre teknoloji pou ansèyman kreye fondasyon an pou elèv yo ka vreman angaje, anmenm tan ak li responsabilize elèv yo pou yo aprann, pandan l ap sipòte yon kolaborasyon pwosesis ansèyman ant lakay ak lekòl la.

Pandan ane lekòl 2019–2020 la, Distri a te kontinye aplike apwòch ansèyman ak ansèyman ki chita sou teknoloji a, pou sipòte objektif pou verifye toutbon kijan Distri a ap reponn ak bezwen elèv yo. Apwòch nan edikasyon sa a gen ladan l tou kenbe yon bon patenarya ak plis pase yon douzèn òganizasyon k ap sipòte devlopman sante akademik ak sosyo-emosyonèl elèv yo.

Pandan ansèyman adistans lan, ERCSD te kontinye konsantre sou devlopman yon atitid pwogresis nan entansyon pou gen garanti eksperyans edikatif elèv ERCSD yo anrasinen nan yon apwòch efikas pou ka gen konpetans nan tout sa Distri a ap fè.

Men ki jan pwofil pou ane lekòl 2019-20 an ye:

Tablo 10 : Pwofil Edikasyon Jeneral (K-8) FTE

2015 -2016	151
2016-2017	192
2017-2018	201
2018-2019	207
2019 -2020	324

Ansèyman Segondè

ERCSD gen de lekòl segondè (lise): Lise Ramapo gen 1,423 elèv ak Lekòl Segondè Spring Valley gen 1, 320 elèv.

Sa fè gen yon total 2,743 elèv nan lekòl segondè yo, 61% nan yo se Ispanik ak 35% nan yo se Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL), epi 82% nan yo (ELLs) pale Espanyòl kòm lang moun lakay yo pale. Yon fason pou pèmèt ELL yo gen aksè ak pwogram etid yo ak ansèyman yon fason ki regilye, ELL yo te jwenn yon sipò adapte ki baze sou nivo konpreyansyon yo gen nan lang nan ak bezwen patikilye elèv la genyen. Pou reponn ak idantifikasyon lekòl segondè yo antanke Lekòl yo chwazi pou jwenn Sipò ak Amelyorasyon pou pèfòmans tigwoup ELL la, Distri a angaje l pou bay sipò ki apwopriye pou tigwoup yo idantifye yo pou atenn objektif yo genyen pou yo diplome nan lè yo te prevwa a, epi fè preparasyon pou antre nan kolèj epi pou tout elèv fè karyè.

Pou ranfòse ansèyman pèsonalize pou elèv yo, yo prevwa orè prensipal la yon fason pou elèv yo ka jwenn plizyè fason pou yo diplome. Anplis de sa, ERCSD mete aksan sou sipò ak reyisit elèv yo nan entansyon pou yo diplome nan lè yo te prevwa a grasa enstitisyonalizasyon “final five” yo: lekòl segondè a mete aksan sou mwayèn jeneral elèv yo (GPA) ak egzamen ofisyèl yo; prezans ak konpòtman elèv yo; Patisipasyon ak pèfòmans nan SAT / ACT yo; preparasyon pou kolèj; ak sèvis kominotè.

Metriz nan matyè akademik ak Atistik yo

Distri a te kapab itilize fon espesyal Leta te bay depi 2015 yo pou fè lòt evalyasyon, remanye, epi reyòganize resous Distri a pou relanse pwogram kiltirèl ak atistik yo. Anplwaye yo te pase de 14 pwofesè atistik pandan ane lekòl 2015-2016 la, pou rive nan 46 pwofesè nan ane lekòl 2019-2020 an. Tout elèv ki nan klas matènèl pou rive nan 12yèm ane gen opòtinite pou yo pratike mizik, dram, teknik vizyèl, ak teyat.

Ensèyman sou Teknik Vizyèl

Nan 2015, Distri a te anplwaye senk (5) pwofesè teknik vizyèl, sèlman nan nivo segondè. Nan ane lekòl 2019-2020 an, Distri a te ofri teknik vizyèl pou tout elèv lekòl primè ak segondè. Anplwaye nan teknik vizyèl yo vin pase de 5 a 18 pwofesè. Yo òganize espektak teknik vizyèl yo nan lekòl yo ak nan lokal ki nan zòn piblik yo.

Ansèyman Mizikal

Pandan ane lekòl 2019-2020 an, Distri a te ofri ansèyman mizikal pou tout elèv lekòl primè ak segondè. Sa te fè vin gen plis pwofesè mizik, soti nan 9 pwofesè pou ane lekòl 2015-16 la pou rive 27 pwofesè pou ane lekòl 2019-2020 an.

Tablo 11. Kantite pwofesè aplentan pou teknik vizyèl ak teknik atistik

Matyè	2018	2019	2020
Atistik	14	17.5	18
Mizik	25	26	27.
Teyat	2	0	0
Dans	2	0	0
Total	43	43,5	46.

Asosyasyon Mizikal Lekòl nan Eta Nouyòk

Jan tablo ki anba a montre sa, enskripsyon ak patisipasyon nan festival solo ak koral nan NYSSMA te vrèman vin ogmante ant ane lekòl 2015-2016 la ak ane lekòl 2019-2020 an. Patisipasyon Distri a nan festival solo yo te pase de 35 elèv nan ane lekòl 2015-2016 an pou rive 415 elèv ki te pwograme pou patisipe nan ane lekòl 2019-2020 an. Anpil elèv lekòl segondè te patisipe nan pi gwo festival koral NYSSMA yo. Kantite elèv yo te chwazi pou patisipe nan festival Tout Depatman yo te pase de 14 nan ane lekòl 2015-2016 la pou rive 95 nan ane lekòl 2019-2020 an.

Tablo 12: Patisipasyon Elèv yo nan espektak Asosyasyon Mizikal Lekòl ki nan Eta Nouyòk yo (NYSSMA) ak nan espektak Asosyasyon Mizikal nan Depatman Rockland

Ane Lekòl	Solo NYSSMA	Gwoup NYSSMA	RCMA (Tout Depatman)
2014-15	35	0	14
2015-16	78	0	18
2016-17	120	0	47
2017-18	155	3	60
2018-19	320	5	90
2019-20	415 *	16 *	95 *

* Kantite elèv yo chwazi pou patisipe. Festival anile akòz pandemi COVID-19 la.

Fanfa East Ramapo ("Fanfa a")

Fanfa East Ramapo a te vrèman pwogrese nan domèn enskripsyon ak nan pèfòmans. Nan 2015, elèv yo te patisipe nan premye konpetisyon chanpyona yo ki te konn fèt depi lontan, e yo te fini nan twazyèm plas la. Depi Novanm 2015, manm Fanfa a ap ogmante, li soti nan 23 pou rive 95 manm.

Depi ane lekòl 2017-2018 la, Fanfa a te patisipe aktivman nan konsè gwoup mizikal ki nan Eta Nouyòk la e li te patisipe nan chanpyona yo te konn òganize nan Syracuse, Nouyòk. Fanfa a kontinye pèfòme lè gen match foutbòl, reyinyon Konsèy administrasyon an, defile, konpetisyon, ak evènman espesyal.

Anplis de sa, Fanfa a te fè de konpetisyon nan lokal li nan Lekòl Segondè Spring Valley ak nan Ramapo. Evènman yo bay Fanfa a opòtinite pou l amelyore pèfòmans li yo. Kòm rezilta, fanfa a te resevwa plizyè trofe kòm chanpyon pou sezon konpetisyon 2018-2019 ak 2019-2020 yo.

Aktivite Para-eskolè

Ann amoni ak misyon Distri a, yo te mete aksan sou sipò ak ranfòse pwogram dram otòn yo, komedi mizikal nan moman prentan ak dans yo. Te gen yon chanjman nan sistèm kominikasyon ki te gen pami direktè yo, administratè yo, ak pwofesè yo. Yo te kontinye kenbe reyinyon atistik ki te konn fèt yo nòmalman, yon fason pou yo te ka kontinye resevwa kòmantè nan men tout moun ki konsène yo. Ane lekòl 2019-2020 an te make katriyèm sezon

Espektak Koral lekòl Primè nan tout Distri a ak twazyèm sezon Espektak Koral Lekòl Primè a ki te fèt sou entènèt nan ane 2019-2020 an. Koral la te rive bay prestasyon sa yo grasa kolaborasyon Distri a ak pwogram kominotè atistik la, ak sipò Grace Vander-Waal, yon diplome nan ERSCD. Nan 2015, se sèlman nan lekòl segondè yo yo te konn prezante komedi mizikal yo. Kounye a, yo elaji opòtinite sa a, yo mete twa (3) lekòl primè nan Distri a ladan. Distri a te kontinye ak pwogram "kiltirèl Atistik" apre lekòl la, ki sipòte gwoup mizikal ak fanfa yo.

Aktivite Apre Lekòl (Lekòl) *
a. Komedi Mizikal Prentan (LISE)
b. Klèb Teyat (LISE)
c. Klèb Dans (LISE)
d. Dram Otòn (LISE)
e. Gwoup Djaz (LISE)
f. Fanfa (Distri)
g. Pèkisyon ivè (Distri)
h. Twoup Nasyonal Ivè (Distri)
i. Pwodiksyon Mizikal (Chestnut Ridge / Kakiat / Pomona)
j. Koral Espektak Distri a (Lekòl Primè)
k. Koral Espektak Distri a (Lekòl Primè)
* Tout aktivite ki te fèt sou entènèt yo

COVID-19 gen Enpak sou Operasyon yo ak Kontinuite Ansèyman an

COVID-19 la te chanje fason anplwaye Distri a t ap travay pandan ane lekòl 2019-2020 an. Pifò anplwaye yo te kontinye travay chak jou adistans.

Pou ane eskolè 2020-2021 an, retounen nan ansèyman an pèsonn kapab gen gwo efè sou anplwaye yo. Li kapab nesesè pou ogmante anplwaye yo akòz distans sosyal, pou vin gen plis pwofesyonèl sante mantal pou sipòte ansèyman sosyo-emosyonèl ak sante elèv yo, pou gen plis anplwaye nan pèsonèl antretyen an pou netwaye epi dezenfekte, ak pou ogmante anplwaye enfimyè yo pou kontwole elèv yo.

Ansèyman sible, Pwofesyonèl ak Patisipatif

Inisyativ pwofesyonèl nan tout distri a pandan ane lekòl 2019-2020 an, sa gen ladan l fòmasyon nan domèn sa yo: lidèchip ki baze sou prèv; enstriksyon espesifik; planifikasyon estratejik; priz desizyon ki kore ak enfòmasyon/done; pwogram ki fonde sou prensip ak aliyman materyèl; elaji sipò pou entèvansyon nan matyè fondamantal yo; ak fòmasyon teknolojik pou akselere kwasans nan lang atravè yon apwòch ansèyman miks nan yon ansèyman adapte.

Travay sipò yo chwazi yo diminye pousantaj lekòl Distri a bezwen pou gen yon amelyorasyon ki soti de 57% nan ane lekòl 2015-2016 la pou pase a 14% nan ane lekòl 2018-2020 la. Distri a pral kontinye idantifye bezwen ki gen priyorite yo epi chèche rezoud yo sou fòm yon planifikasyon konplè, ki akonpaye ak desizyon Pratik ki gen ladan bonjan kalite devlopman pwofesyonèl. Yon

apwòch oryante nan yon pwosesis pou mete sou pye aktivite pou devlopman pwofesyonèl yo itilize pou dètemine chwa debaz ansèyman la ak entèvansyon. Apwòch sa a baze sou enfòmasyon ak vizit nan batiman ak nan distri yo.

Envestisman nan aktivite devlopman pwofesyonèl yo baze sou yon ansèyman pwofesyonèl òganize ki pral fè gen chanjman nan metòd pwofesè yo, dirijan yo ak nan fason yo òganize, ansanm ak amelyorasyon nan rezilta ansèyman yo ak nan fonksyonman yo. Paramèt yo itilize pou evalye kalite aktivite devlopman pwofesyonèl yo te sòti nan dis prensip Eta Nouyòk yo pou gen bonjan kalite devlopman pwofesyonèl, nan definisyon federal pou devlopman pwofesyonèl ki nan Lwa reyisit chak elèv la (Every Student Succeeds) la ak nan prensip pou devlopman pwofesyonèl Learning Forward yo. Distri a t ap chèche bay yon devlopman pwofesyonèl ki:

- **Soutni.** K ap fèt sou yon peryòd pwolonje; pi long pase yon jounen oswa pase yon sèl atelye.
  Paramèt: Enskripsyon nan aktivite a pi long pase yon sesyon.
- **Entansif**. Baze sou yon konsèp, yon metòd, oswa yon pwogram diskrè.
  paramèt: Kantite lè yo te bay pou yon sijè yo te chwazi siperyè a 14.
- Kolaborasyon Konsènan plizyè edikatè ak antrenè oswa yon gwoup moun k ap patisipe ki sèvi ak menm prensip oswa metòd kote tout patisipan yo travay ansanm pou yo rive gen menm konpreyansyon.
  Paramèt: Modèl Patisipasyon.
- **Djòb-entegre** . Yon pati nan travay ansèyman pèmanan an epi ki regilye gen rapò ak ansèyman ak ansèyman k ap fèt nan tan nòmal nan anviwònman ansèyman ak ansèyman.
  Paramèt: Finanse pa Distri a.
- **Baze sou enfòmasyon yo**. Baze sou epi koresponn ak enfòmasyon nan tan reyèl sou bezwen patisipan yo ak elèv yo.
  Paramèt: Seleksyon an baze sou lojik ki gen nan enfòmasyon sou bezwen elèv yo, relasyon ak aktivite ansèyman chak jou, ak/oswa rezilta ansèyman elèv yo. Se efikasite ki mezire rezilta elèv yo (evalyasyon jeneral) ak / oswa chanjman pwofesè (pa egzanp, kwayans, atitid, konpòtman, metòd). Reponn ak bezwen priyoritè ki endike nan Plan Amelyorasyon Global Distri a (DCIP).
- **Baze sou Salklas**. Ann amoni ak metòd yo te itilize pandan pwosesis ansèyman an ki efikas pou pwosesis pedagojik la.
  Paramèt: Aktivite ansèyman pwofesyonèl ki konekte byen klè ak youn oswa plis nan metòd pwofesyonèl yo ki chita sou kat prensip yo dekri nan Plan Akademik Estratejik ki nan ERCSD a.

Distri a angaje l nan ranfòse efikasite kolektif òganizasyon an, sa ki te mennen nan yon chanjman volontèman nan ansèyman pwofesyonèl otonòm pandan yon ti tan, epi separe ansèyman pwofesyonèl la de yon kilti ansèyman pèmanan. Opòtinite devlopman pwofesyonèl yo ta dwe ann amoni ak Distri a, li dwe gen sans, pèmanan, epi reflechi, jan sa parèt nan migrasyon Distri a nan yon sistèm jesyon devlopman pwofesyonèl otomatik.

Plan pou Devlopman pwofesyonèl Distri a:

Pou fè fas ak bezwen ki gen kounye a pou ansèyman adistans akòz Pandemi Kowonaviris la (COVID-19), pwogram devlopman pwofesyonèl yo ankouraje itilizasyon platfòm ansèyman adistans sa k ap pèmèt ansèyman la ak ansèyman an kontinye. Plis pase 1,000 anplwaye te kòmanse patisipe yon fason ki aktif nan sesyon chak de semèn pandan jounen konferans direktè a nan dat 17 mas 2020 an, epi yo te kontinye patisipe nan seyans kolaborasyon sa yo pandan yo t ap fèmen an, seyans sa yo te konsantre sou zouti ansèyman adistans Distri a ansanm ak kominote ansèyman pwofesyonèl yo apwouve.

Inisyativ Ane Lekòl 2019-20 an pou Mete sou Pye Plan akademik estratejik alontèm:

- Lekòl Matènèl aplentan nan tout distri a (desèvi 741 elèv; pwogram etid fondamantal ki baze sou prensip epi ki byen òganize)
- Vin djanm mantalman (panse ak metòd efikas – Sikoloji pèfòmans)
- lidèchip ki baze sou Prèv (pakou ansèyman; tablo enfòmasyon yo ak dosye yo; rapò sou sitiyasyon yo chak trimès)
- Ansèyman klè "Mwen fè (anseye), Nou fè (pratike), ou fè (aplike)"; rechèch ki baze sou kapasite pèsonèl elèv la genyen pou l aprann / objektif ansèyman a, angajman elèv la, kesyon konplèks ki nan nivo siperyè, verifye konpreyansyon an, estrateji ak metòd ansèyman ki adapte; ak Konesans Pwofon sou Entènèt
- Planifikasyon Estratejik / desizyon yo pran ki baze sou enfòmasyon (Plan Akademik Estratejik Distri a; Plan Global pou Amelyorasyon Edikasyon nan Lekòl ak nan Distri a; kominote ansèyman pwofesyonèl)
- Adaptasyon nan pwogram etid la ak nan materyèl ki baze sou prensip yo (K-8 ELA & matematik; Aljèb I, II; Jewometri; Jeneral ak Etazini. Istwa; kalandriye pou kontwole, sekans ak ritm nan domèn debaz K-12 yo; evalyasyon jeneral; Evalyasyon Renesans K-12 ELA ak matematik; ak Rubicon Atlas)
- Ogmante sipò entèvansyon domèn debaz yo (sipò entèvansyon akademik entegre; tan ansèyman pwolonje; opòtinite anrichisman pandan ete)
- Planifikasyon Global (ranje klas nivo yo nan batiman yo - K-3, 4-6, 7-8 ak 9-12; orè woulman nan lekòl segondè a)
- teknoloji pedagojik ansèyman miks (adapte lojisyèl edikatif pwogram etid eskolè yo; mizajou nan enfrastrikti ak nan materyèl tablo Promethean yo, Chromebooks, iPads, robotik)

- (Final Five) Senk final (Lekòl segondè a mete aksan sou mwayèn jeneral ak egzamen ofisyèl yo; prezans ak konpòtman elèv yo; patisipasyon ak pèfòmans SAT / ACT; preparasyon pou antre nan kolèj; ak sèvis kominotè).

Patenarya / Opòtinite pou Ane Lekòl 2019–2020: Tout pwogram yo bay nan seksyon sa a te fèt sou entènèt.

*Devlopman pwogram BARR (*Ranfòse Aktif epi Redwi Risk), yon modèl edikasyon ki chita sou fòs (presyon) ki te kreye pou ede tout elèv 9yèm ane yo reyisi fè tranzisyon nan lekòl segondè te kontinye aplike. De prensip fondamantal nan BARR yo se: (1) kreyasyon relasyon pozitif e volontè; ak (2) itilize enfòmasyon sou elèv yo nan tan reyèl nan lide pou pote kole pou rezoud pwoblèm yo, yon fason pou oryante travay ansèyman an.

Pwogram My Brother's Keeper (MBK)

Yo te fè Pwogram My Brother's Keeper yo nan distri a pou ogmante opòtinite pou tout jèn elèv nan ERCSD yo rive sèvi ak tout kapasite yo MBK mete sis (6) objektif sa yo nan aspè chak pwogram: 1) Garanti yon aksè ekilibre nan lekòl ak nan bonjan kalite pwogram; 2) Ogmante sèvis prevansyon yo, avètisman davans, ak sèvis entèvansyon; 3) Sèvi ak apwòch adapte selon bezwen ak kilti; 4) Fè fas ak rasis estriktirèl ak enstitisyonèl; 5) Fè sèvis sipò jeneral ak kowòdone yo disponib tout kote; ak 6) Ankouraje fanmi yo ak kominote yo patisipe yon fason ki fyab e ki montre respè.

Bousye MBK yo

Distri a ap kontinye patisipe nan Rezo Kominote MBK Eta Nouyòk la pa mwayen pwogram bousye MBK yo, yon pwogram jeneral Leta mete sou pye pou amelyore rezilta ti gason ak jèn gason ki etranje yo. Nan pwogram Bousye yo, se yon elèv gason ki soti nan chak Lekòl Segondè yo chwazi kòm bousye nan prentan klas 11yèm ane yo epi yo ba yo opòtinite pou yo gen youn oswa plizyè eksperyans nan pran fòmasyon pou vin dirijan ki responsab epi devlope pwojè k ap itil lekòl yo frekante yo ak nan kominote kote y ap viv pandan 12yèm ane eskolè yo. Bousye MBK nan ERCSD yo sèvi kòm anbasadè prensipal nan pwogram konseye MBK a.

Angajman Familyal e Kominotè

Administratè yo, pwofesè yo, Kowòdonatè Resous Familyal yo ak paran ki soti nan tout 14 lekòl yo te patisipe nan fòmasyon enpòtan sou patenarya parental (parenting partners), sa ki te bay lekòl yo konpetans ak konesans yo bezwen pou fè patisipe ant 8 ak 12 paran nan yon kou ki gen 8 seyans sou metòd efikas pou bati relasyon ant fanmi ak lekòl epi pou sipòte timoun yo sou plan eskolè ak sosyal. Te gen 300 fanmi ki te patisipe sou entènèt pandan ane lekòl 2019-2020 an.

Ane Lekòl 2019–2020an - Ane Devlopman Sante Sosyo-Emosyonèl: Patenarya ak Enstiti Pèfòm*ans*

Distri a kontinye patenarya li gen depi lontan avèk Enstiti Pèfòmans la, yon fondasyon ki pap chèche fè kòb k ap ede distri yo devlope lide ki fè konnen, sou entènèt, tout moun ka rive trè lwen lekòl si yo gen bon materyèl ak sipò.

Sa vle di travay prensipal adilt ki enterese nan moun yo -- se *devlope kapasite entelektyèl chak timoun* --nan lekòl la, lakay yo, ak nan enstitisyon kominotè yo.

Estrateji Enstiti a ede distri yo devlope a gen twa eleman esansyèl: etabli yon Misyon; chanje etadespri a, epi anseye Metòd la - yon sistèm enfòmatik ki senp, ki pisan ki baze sou analiz enfòmasyon yo – pou chak moun. ERCSD te travay ak Enstiti a pou etidye Sikoloji Pèfòmans- etid sou kòman ak poukisa moun (granmoun ak timoun) aprann epi grandi; yon seri aspè nan pèsonalite ak karaktè ki favorize kwasans; ak rezistans pou chanjman. Edikatè yo angaje yo nan opòtinite ki favorize pwogrè, sa k ap gen enpak sou pratik yo ak desizyon yo. Atravè patenarya sa a, ERCSD ap chèche devlope epi kenbe yon anviwònman ansèyman ki pi efikas, nan entansyon pou yo fòme sitwayen ki pare pou patisipe nan devlopman sosyete k ap genyen nan epòk pa yo a yon fason pozitif.

Pwogram "NICE" Ankourajan yon Anviwònman Kominotè Enklizif

Nan Lekòl Segondè Spring Valley, pwogram NICE a desèvi 713 elèv, pwogram nan desèvi 801 elèv nan Lekòl Segondè Ramapo a, li te kontinye pou yon 3èm ane. NICE gen nèf (9) anplwaye ki fòme pou travay aplentan, e se Fondasyon Wege ki finanse l. Distri a fè konnen NICE te ede nan diminye ensidan vyolans eskolè yo ak twoub sou konpòtman yo, li te ede tou nan amelyore rezilta akademik ak sosyal elèv yo. Distri a fè konnen tou milye pou restorasyon nan Pwogram NICE yo te kontribye nan bati yon kominote nan salklas lekòl segondè yo, e yo te menm transfòme relasyon pwofesè yo gen ak elèv yo.

Fanmi ki bezwen sipò (FINS)

Pandan ane lekòl 2919-2020 an, FINS te bay sèvis sou konsèy entansif ak sou jesyon dosye pou elèv ki nan lekòl segondè ak pou elèv primè yo epi ak fanmi yo ki t ap fè fas ak kèk sitiyasyon difisil. Pwogram nan gen pou objektif idantifye ak rezoud bagay ki lakòz pwoblèm yo epi sipòte elèv yo nan lavi eskolè yo ak nan relasyon yo gen ak fanmi yo. FINS bay seyans konsèy endividyèl de fwa chak semèn pou elèv yo nan lekòl yo depi nan kòmansman ane lekòl la pou jiskaske l fini, yo travay tou avèk paran yo oswa moun ki responsab elèv yo.

Pwogram FINS la sèvi anviwon dis fanmi nan nenpòt moman nan Lekòl Segondè Spring Valley a (SVHS). Administrasyon lekòl la dantifye elèv ki bezwen yon sipò sikolojik paske yo gen pwoblèm konpòtman oswa lòt pwoblèm ankò. An jeneral, yo konn bezwen sa apre yon chòk tramatis. Yo bay lekòl la oswa fanmi yo Pwogram nan gratis, paske se Biwo Rockland County Youth (jèn nan Depatman Rockland) ki finanse li nèt.

Klinik Sante Spring Valley ("Klinik la")

Klinik la travay ansanm ak FINS, menm jan an tou, klinik la travay ansanm ak Pwogram Konsèy Jeneral VCS Inc. ofri, (depi lontan, Sèvis Konseye Volontè nan Depatman Rockland, Inc.), Piske Klinik la ka ofri sèvis konsèy ak sikyatrik pou elèv ki bezwen bonjan kalite swen. FINS kapab kontinye bay konsèy pou elèv ki pa kalifye pou klinik la. Tou de pwogram yo fonksyone gratis nan lekòl la, nan Distri a, oswa pou elèv yo.

Klinik la ede Distri a nan bay sipò ak popilasyon elèv yo k ap amelyore kapasite yo genyen pou yo rive atenn pwòp objektif yo nan domèn edikatif, pou yo amelyore sante emosyonèl ak

konpòtman yo. FINS te demontre siksè nan amelyore prezans ak nèt elèv yo epi diminye kantite ka disiplin yo ak absans yo (jan administrasyon lekòl la, paran yo ak enfòmasyon ki gen sou lekòl la pwouve sa), sa ki pèmèt elèv yo konsantre sou avantaj edikasyon lekòl la ofri a bay.

Klinik la gen kapasite pou atenn yon pi gwo kantite elèv epi fè plis entèvansyon si gen plis finansman ki disponib.

Adopte-yon-Cop (polisye) & D.A.R.E. (Edikasyon sou Rezistans kont Dwòg)

ERCSD ofri nouvo opòtinite ak fòs ki la pou fè respekte lalwa lokal yo pou sipòte tout elèv depi nan matènèl pou rive nan klas 6yèm ane. Piske yo mete aksan sou sante sosyal, emosyonèl, ak devlopman, ofisye yo edike elèv yo sou sekirite ak sansibilizasyon kominotè, epi pou fè prevansyon kont dwòg.

Kowòdonatè Resous Familyal (FRCs)

FRC travay kole kole ak direktè lekòl yo pou reponn ak bezwen fanmi ki nan lekòl la. FRC ede nan bay fanmi yo manje ak rad (si sa nesesè) epi ede direktè yo òganize seyans fòmasyon paran yo. FRC yo ap chache idantifye elèv ki gendwa sanzabri epi travay avèk administratè yo nan nivo batiman an ak distri a pou gen yon garanti elèv yo ak fanmi yo resevwa sipò yo bezwen. Apati de ane lekòl 2019-2020 an, gen10 FRC ki te afekte nan tout 14 batiman yo ki disponib pou sèvi nenpòt elèv ki gen bezwen.

Sikològ Eskolè yo

Sikològ eskolè yo sipòte bezwen sosyo-emosyonèl ak sikolojik tout elèv yo depi matènèl rive nan 12yèm ane. Sikològ eskolè yo gen dosye elèv yo otorize antanke sikològ pou bay sèvis ki anrapò akPlan Edikasyon Endividyèl la (IEP). Sikològ yo asiyen nan tout lekòl piblik ERCSD yo epi yo ede nenpòt elèv ki ta gen yon bezwen. Sikològ yo ede nan devlope sistèm PBIS la (entèvansyon pozitif konpòtman ak sipò) nan tout batiman yo, sistèm konpòtman nan tout klas yo, ak sipò sou entèvansyon konpòtman endividyèl yo. Sikològ yo fè seyans pou konsèy endividyèl ak ti gwoup selon jan sa ye. Sikològ yo travay ansanm ak pwofesè klas yo pou enplike elèv yo nan entèraksyon chanje wòl ki apwopriye nan sitiyasyon sosyal yo. Sikològ yo tou fè pati gwoup travay Timoun nan, yon fason pou ede kamarad li yo jwenn pi bon fason pou ede l epi pou bay yon ide sou ki jan sa ap ye pou pwochen elèv ki ta kapab gen yon pwoblèm konsa. Anplis de sa, gen sikològ eskolè ki reponn ak bezwen elèv ki pa nan lekòl piblik yo. Apati ane lekòl 2019-2020 la, gen 32 sikològ eskolè ki bay sèvis pou tout elèv ki gen IEP yo ki gen ladan sèvis konsèy.

Pwogram Kreye Lekòl ak Kominote ki an Sante

Sipòte pa yon sibvansyon nan Depatman Sante nan Rockland, pwogram Kreye Lekòl ak Kominote ki an sante a tèmine 5 ane angajman li te genyen ak ERCSD pandan ane lekòl 2019-

2020 an. Sibvansyon an te sèvi pou ede Distri a nan devlope ak nan fè mizajou nan Politik sou Byennèt Elèv yo, epi mete kanpe yon pwogram aktivite fizik konplè nan lekòl la ki gen ladan "repo serebral," rekreyasyon aktif, ak patisipasyon paran ak anplwaye yo. Inisyativ la te ede Distri a tou fè pwomosyon pou manje ak bwason y ap jwenn nan prensip sou kolasyon ki nitritif nan lekòl (Smart Snacks in School Standards).
Lekòl yo te mete anplas pratik ki favorize preparasyon pou ansèyman ak sante timoun yo pandan y ap ogmante aksè pou jwenn manje ki bon pou lasante ak aktivite fizik. Uit lekòl nan ERCSD te jwenn rekonesans nan Pwogram pou Nitrisyon pou Timoun nan NYSED ak nan pwogran Nitrisyon pou Timoun nan Sèvis Alimantè ak Sèvis Nitrisyon nan Depatman Agrikilti Etazini.

Tèm pou Ane Lekòl 2019-2020 an se te « dirabilite ». Konsa, tout lekòl nan Distri a te enskri nan Pwogram Lekòl ki an sante yo e ki fini evalyasyon li. Sis lekòl ki vin annapre yo te jwenn prim an bwonz “Alliance for a Healthier Generation” ak estati youn nan lekòl ki pi an sante ann Amerik, 2020: Lekòl Primè Chestnut Ridge; Akademi Kakiat STEAM; Lekòl Primè Lime Kiln; Lekòl Segondè Ramapo; Lekòl Segondè Spring Valley; ak Lekòl Primè Summit Park.

Lekòl Segondè Smart Scholars Early College

Nan Ane lekòl 2018-2019 la yo te inogire Pwogram Lekòl Segondè Smart Scholars Early College nan Distri a. Patenarya sa a avèk Rockland Community College kreye Lekòl Segondè Early College ki bay elèv yo opòtinite ak preparasyon nesesè pou pouse yo tèmine etid segondè yo pandan y ap jwenn kredi nan syans enfòmatik yo ka transfere nan kolèj nan menm moman an.

Pandan ane lekòl 2019-2020an, 94 elèv te resevwa plis sipò akademik nan kad yon patenarya lekòl/kolèj pou ka gen asirans yo gen nivo eskolè a pou yo pare pou y al suiv kou ki pi solid nan lekòl segondè ak nan kolèj. Nan ane lekòl 2020-21, Distri a pral etabli yon dezyèm patenarya ki pral bay 200 Smart Scholars opòtinite pou jwenn kredi nan Syans Anviwonman.

Akademi pandan ete

Chak peryòd lete, lè yo sèvi avèk apwòch "learning by design", pwofesè yo angaje elèv ki nan klas matènèl pou rive nan 9yèm ane pou patisipe nan anviwònman ansèyman ki baze sou pwojè. Metòd sa a ede elèv yo gen yon konesans ki pi apwofondi sou sijè a epi li ede yo metrize teknoloji a. Akademi yo fonksyone selon prensip ki fè konnen ansèyman ki baze sou pwojè ak anviwònman ansèyman ki baze sou teknoloji se transfòmatè, si yo mete aksan sou elèv la, e si yo mande elèv yo pou bay eksperyans ansèyman yo a yon sans.

Yo fè Tout aktivite yo yon fason pou yo efikas nan domèn kiltirèl epi etabli yon pon ant kilti a ak lang elèv la, grasa sans reyèl mo yo, lide yo, ak koneksyon ki fè sans ak monn reyèl la. Elèv yo ap pran konpetans 21yèm syèk la - tankou panse kritik, rezoud pwoblèm, patisipasyon ak refleksyon – pou ankouraje elèv yo poze kesyon; fè rechèch; vini ak yon nouvo lide, entèpretasyon, oswa pwodiksyon.

Pandan peryòd lete 2020 a, Distri a te lanse nan yon eksperyans sou entènèt pou 288 elèv ki te mennen nan wobotik, animasyon ak konsepsyon jwèt nan kay elèv patisipan yo, fasilite grasa Culture Play, yon founise ki bay sipò nan Pwogram STEAM (Syans, Teknoloji, Enjenyeri, Atistik, Matematik) Distri a. Pa mwayen videyokonferans ak yon Pwogram etid enteresan baze sou pwogram Computer Science Teachers Association [(CSTA), Asosyasyon Pwofesè Syans Enfòmatik], elèv nan klas premye ane jiska setyèm ane te itilize Pwosesis Konsepsyon teknik la (Engineering Design Process) pou byen dirije pwojè ki bezwen yon konpetans enfòmatik pou rezoud pwoblèm reyèl monn lan.

Youn nan objektif Prensipal pwogram Culture Play la se ansèyman ak ranfòsman panse enfòmatik la. Panse enfòmatik la se yon metòd òganize pou rezoud pwoblèm, sa mande pou divize yon aktivite an plizyè ti aktivite e ki fè li vin pi fasil pou reyalize. Fason sa a yo itilize pou rezoud pwoblèm nan se yon pati esansyèl nan nenpòt domèn syantifik, teknoloji, enjenyeri, ak matematik(STEM), men se yon lide depi w fin konnen l, ou ka aplike l pwatikman nan nenpòt domèn.

Pakou pou yon Moun Diplome

Distri a byen konnen diferan pakou pou elèv yo pase pou yo ka ranpli kondisyon pou yo diplome. Pou rezon sa a, Distri a ranje òf kou yo sou plizyè pakou atravè itilizasyon envantè enterè elèv (Naviance). Pakou yo gen ladan aprann pale ak ekri nan de lang (LOTE), ansèyman pwofesyonèl e teknik (CTE), devlopman konpetans ak etid Pwofesyonèl (CDOS), Syans imanitè, ak STIM.

Edikasyon espesyal ak sipò pou elèv yo

Biwo Sèvis Elèv Espesyal la bay sèvis sipò ak edikasyon espesyal pou plis pase 2,000 elèv k ap resevwa edikasyon nan plis pase 30 sit eskolè nan lekòl piblik ak lekòl ki pa piblik yo nan tout Distri a, mete sou elèv Komite sou Edikasyon Espesyal la chwazi (CSE) ki bezwen plas andeyò distri a. ERCSD angaje l pou bay pwogram edikasyon espesyal pou elèv Distri yo "nan distri a" olye yo "lage" bezwen edikasyon yo bay lòt ajans yo.

Akòz angajman sa a, Distri a òganize yon pakèt pwogram nan distri a pou kèk nan elèv ERCSD yo ki gen pi gwo bezwen. Distri a gen yon gwo pwogram pou elèv yo ki nan gwoup oditif yo (tande). Menm jan an tou, Distri a gen klas ki rezève pou elèv ki gen pwoblèm medikal e ki gen plizyè andikap. Piske Distri a angaje l pou satisfè bezwen elèv yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon yo, Distri a ofri yon pakèt pwogram edikasyon espesyal, sa ki gen ladan sèvis obligasyon ki konekte yo pou ede elèv yo gen aksè ak pwogram ansèyman jeneral la ak prensip nivo eskolè yo nan kad pwogram edikasyon jeneral la.

Biwo Sèvis Sipò Elèv yo travay nan tèt ansanm ak tout depatman ki nan ERCSD yo pou edike yon "timoun konplètman" pandan y ap ofri sipò pou elèv ki kalifye ak elèv ki pa kalifye nan domèn tankou konsèy ak terapi sou konpòtman. Yo bay yon sipò bileng tou pou elèv ki kalifye yo, si sa nesesè, nan yon fason ki gen mwens restriksyon posib.

Depi ane lekòl 2014-2015 la, pousantaj kalifikasyon edikasyon espesyal nan Distri a diminye de 3.9%. Nan ane lekòl 2014-2015 la, pousantaj total kalifikasyon edikasyon espesyal nan Distri a

te 19.5%. Nan ane lekòl 2019-2020 an, pousantaj kalifikasyon total nan distri a te 15,6%. Anplis de sa, te gen yon diminisyon nan kantite total elèv yo te mete nan anviwònman endepandan. Menm jan an tou, pousantaj rekòmandasyon pou CSE a diminye, paske lekòl yo te konsantre sou devlope nivo sipò pou tout elèv yo. Kolaborasyon avèk pwofesyonèl sèvis klinik yo ak pwofesè edikasyon espesyal yo amelyore sistèm sipò sa yo nan plizyè nivo.

Depi 2015, Distri a te kreye 17 nouvo klas ko-ansèyman entegre (ICT) soti matènèl pou rive 8yèm ane. Klas ICT yo ap kontinye ogmante ansanm ak devlopman pwogram pwofèse konsiltan an nan tout batiman yo, soti matènèl pou rive 8yem ane, pou rive bay yon sipò pedagojik ak edikasyon espesyalize a nan klas ansèyman jeneral la. Menm jan an tou, Distri a ogmante òf kou ICT yo nan nivo lekòl segondè pou mete anglè, matematik ak syans.

Distri a ranje tout pwogram etid yo soti nan matènèl pou rive 12yèm ane pou pwogram edikasyon espesyal yo avèk pwogram etid debaz nan ansèyman jeneral la ni nan teknik lang anglè a ni nan matematik. Yo te mete sou pye tou yon pwogram etid baze sou prensip pou tout elèv ki evalye sou fòm altenans (pa note) soti matènèl pou rive 12yèm ane edikasyon espesyal bileng la, lapawòl, ak sipò sikolojik pou idantifye epi klase ELL yo nan kad yon edikasyon jeneral la te kontinye tou.

Yo te anplwaye Ekspè Administrasyon an apwouve (BCBAs) pou ede pwofesè yo ak elèv yo pou yo amelyore patisipasyon aktif yo nan klas ak nan mitan kamarad klas yo, sa ki gen ladan amelyorasyon devlopman sosyal ak emosyonèl grasa yon pwogram etid etabli ak gwoup sosyal yo.

An jeneral, pousantaj elèv ki andikape ki fè gen yon rezilta enteresan nan egzamen Leta nan ELA plis pase triple, li soti nan 2% nan ane 2015 pou rive nan 7% nan ane 2019. Epi li plis ke double nan matematik, li pase de 2% a 5%. Menmjan an tou, apati de mwa out, te gen yon ogmantasyon nan pousantaj diplome yo nan elèv ki andikape yo, li pase de 36% a 40% soti nan ane 2015 pou rive nan ane 2020, pandan 4 ane. Yon fason ki òdone, lekòl segondè Ramapo ak lekòl segondè Spring Valley.

Avèk kòmansman pandemi COVID-19 la, Biwo Sèvis Elèv Espesyal yo kontinye kenbe yon bon nivo sèvis pou elèv ki gen andikap yo ak fanmi yo, selon IEP chak elèv. Grasa yon pakèt fowòm sou entènèt, yo te bay elèv yo sèvis tele-terapi, yon fason pou kontinye sipò ak sèvis ki endike nan IEP elèv yo, epi pou kontinye suiv pwogrè yo pou yo ka reyalize objektif yo.

Nan kenbe angajman Distri a pran pou edike elèv nan anviwònman ki gen mwens restriksyon posib yo, kolaborasyon ki gen ant pwofesè ansèyman jeneral yo ak pwofesè ansèyman espesyal yo kontinye pou reponn ak bezwen elèv ki gen IEP yo. Elèv ki gen IEP yo gen aksè a tout eksperyans Ansèyman fleksib lakay, sepandan, sipò yo bay la baze sou IEP elèv yo.

Anplis de sa, konsènan founisè sèvis, (sa vle di, òtofonis, sikològ, ègoterapet, kineziterapet) yo te devlope plan ansèyman pou satisfè bezwen chak elèv ki nan dosye yo epi yo te travay adistans ak elèv sa yo.

Ane Lekòl Pwolonje (ESY) 2020

Pou reponn ak bezwen elèv yo chwazi yo ki bezwen 12-mwa ansèyman, chak ane, Distri a etabli yon Pwogram Ane Lekòl Pwolonje (ESY) ki kontinye ansèyman espesyalize ak terapi pou elèv yo, jan yo te prevwa sa nan IEP yo, pou sis semèn nan mwa Jiyè ak Out. Ane sa a pwogram nan te fonksyone soti 8 jiyè pou rive 19 Out.

Malgre anpil distri chwazi pou yo rete nan ansèyman sou entènèt la, jan Dekrè Gouvènè Egzekitif la mande sa nan kòmansman mwa jen 2020 an, ki te pèmèt ansèyman an pèsòn pou elèv ki gen andikap ki te kalifye pou pwogram ESY a, Distri a chwazi fè fonksyone pwogram ESY a an pesòn. Elèv ki nan matènèl rive 12yèm ane IEP a idantifye kòm elèv ki bezwen yon ansèyman 12 mwa te patisipe an pèsòn nan pwogram ESY a. Yon total de 25 klas, konpoze ak pwofesè, asistan ansèyman, ak titè, ansanm ak tout terapet yo ak espesyalis nan konpòtman yo te chwazi yo, yo te itilize yo tout. 225 Elèv te patisipe nan pwogram ESY 2020 an. Nan 225 elèv yo, 34 te patisipe sou entènèt ak 39 te vini poukont yo pou sèvis ki konsène yo.

Detemine Inegalite

Distri a fè remake l nan inegalite siyifikatif nan idantifye kèk gwoup rasyal ak etnik (sètadi, elèv Blan) kòm elèv ki bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye avè l yo pa mwayen plasman / Anviwònman ki gen mwens restriksyon.

Nan ane lekòl 2019-2020 an, Distri a te gen yon popilasyon total 9 397 elèv piblik. Pami yo, yo te idantifye 323 elèv Blan; sa reprezante 3.4% popilasyon lekòl piblik la.

Sepandan, Distri a gen yon gwo popilasyon elèv ki te edike nan lekòl ki pa piblik yo. Kantite elèv total yo te edike nan lekòl ki pa piblik yo se anviwon 27,000 elèv, epi yo te idantifye yon gwo majorite nan elèv sa yo ki blan. Nan anviwon 27,000 elèv lekòl ki pa piblik yo, 523 se elèv paran yo te plase nan lekòl ki pa piblik ki resevwa edikasyon espesyal / sèvis ki asosye ak sa nan Distri a. Sepandan, elèv yo te mennen nan Distri CSE a pou posiblite klasman soti ni pami elèv ki nan lekòl piblik Distri a ni pami popilasyon total elèv ki pa nan lekòl piblik yo. Pami elèv ki nan lekòl non piblik yo, paran yo, an jeneral, ta renmen kenbe pitit yo nan lekòl ki koresponn ak kwayans kiltirèl epi ak relijyon pa yo. Elèv ki prezante nan Komite Edikasyon Espesyal pou posiblite klasman ak plasman yo, se souvan elèv ki vrèman gen gwo bezwen ki pa ka satisfè nan yon lekòl ki pa piblik. Byenke lekòl piblik yo ki nan Distri a gen yon gwo rezo plas pou edikasyon espesyal, nan anpil ka bezwen elèv yo depase sa lekòl piblik la ka bay. Se poutèt sa, elèv Blan Distri a akeyi yo prezante yon fason dezekilibre andikap ki grav ki souvan mande yon sipò nan klas espesyal e menm plasman andeyò distri a.

Nan pami 323 elèv Blan nan lekòl piblik yo, anviwon yon tyè (117) nan yo klase kòm elèv ki gen IEP, 95 nan yo nan klas endepandan. Si, apre yo fin sipòte elèv ki nan anviwònman sa a, Distri a wè elèv yo pa reyisi oswa li wè yo bezwen plis sipò, yo pral rekòmande elèv yo pou sèvis adisyonèl oswa plasman andeyò distri a, tankou pwogram BOCES yo.

Dapre enfòmasyon NYSED bay Distri a ansanm ak enfòmasyon entèn yo, Distri a te remake yon **diminisyon ki regilye** nan kantite total elèv Blan yo te plase nan anviwònman endepandan deyò Distri a (Gade Tablo 13 ak 14 anba a). Yon fason pou diminisyon sa a kontinye, Distri a pral ogmante sipò ki nesesè a nan lekòl ki pa piblik nan Distri a, ansanm ak devlopman pwofesyonèl pou tout Prezidan CSE konsènan plasman apwopriye pou elèv yo. Sikològ eskolè distri yo ak Prezidan CSE yo pral konsakre tan pou lekòl ki pa piblik pou sipòte idantifikasyon ak plasman ki apwopriye pou elèv ki gen andikap nan anviwònman patikilye. Sipò pèsonèl Distri a nan lekòl ki pa piblik yo pral ogmante tou opòtinite pou lekòl ki pa piblik yo akeyi elèv yo epi nan anviwònman ki gen mwens restriksyon posib, pandan mantalite yo ap chanje konsènan pwogram yo ak sèvis yo kapab bay anvan yo mete elèv yo nan yon anviwònman endepandan. Kòm bezwen elèv, lekòl ki pa piblik yo, yo te mennen nan CSE yo gen tandans ogmante, li posib pou chanjman an pa pral fèt fasilman; sepandan, nou espere patenarya a pral ogmante nivo byennèt fanmi yo ak lekòl yo, sa ede yo pi alèz pou soutni elèv yo nan anviwònman ki mwen restriktif (tankou klas espesyal ki te etabli nan lekòl piblik yo ki aksepte lang yo pale lakay elèv yo). Sikològ yo ak prezidan yo bay yon sipò klinik ak yon devlopman pwofesyonèl anrapò ak plasman apwopriye elèv yo klase yo ak entèvansyon ki ka fèt nan nivo lekòl la. Reyinyon gwoup etid elèv yo ak egzamen anyèl yo fèt sou plas nan lekòl ki pa piblik yo, jan yo mande a. Anplis, yo bay transpò pou elèv ki nan lekòl ki pa piblik yo pou yo ka jwenn sèvis nan lekòl piblik yo si sa nesesè. Sikològ yo pral kowòdone sipò sa yo.

Sikològ yo ak prezidan CSE yo pral resevwa, chak mwa, devlopman pwofesyonèl nan men administratè distri a ak founisè deyò yo konsènan plasman apwopriye elèv ki klase yo, epi mete aksan sou anviwònman ki gen mwens restriksyon. Administratè distri yo ap kontinye patisipe tou nan atelye sou inegalite NYSED ak Sant patenarya Rejyonal Lower Hudson bay yo (RPC).

Anplis de sa, kòm gen yon kantite elèv Blan ki ale nan lekòl ki pa piblik yo yo klase tou kòm elèv bileng endepandan anglè-Yiddish nan Distri a. Distri a kontinye ogmante òf li yo nan klas edikasyon espesyal bileng pou elèv sa yo ki bezwen yon pwogram konsa. Sa ap limite nesesite pou mete kategori elèv sa yo nan plasman andeyò distri a. Ant 2016 ak 2020, Distri a te konstate diminisyon sa yo nan plasman elèv blan bileng Yiddish nan klas andeyò distri bileng endepandan yo, menm jan Distri a te ogmante òf li yo nan pwogram sa yo:

Tablo 13: Plasman Elèv Blan Yiddish Bileng nan Klas endepan yo deyò Distri a

Ane	Elèv
2016-17	44
2017-18	40
2018-19	34
2019-20	28

Tablo 14: An jeneral tandans elèv blan klase yo plase nan anviwònman ki andeyò distri a

Ane	Elèv
2016-17	102

2017-18	91
2018-19	84
2019-20	72

Elèv k ap Aprann Anglè

Distri a gen dezyèm pi gwo pousantaj nan elèv k ap aprann pale anglè (ELLs) pami lekòl ki nan distri Eta Nouyòk yo. Anviwon 41% elèv ERCSD yo idantifye kòm ELLs. Elèv sa yo vini ak anpil eksperyans, anpil kapasite, ak anpil pisans.

Tablo 15. Tandans Enskripsyon Elèv k ap Aprann Anglè

Akizisyon Lang Pwogram	2017-18	2018-19	2019-20
Bileng	831	1,075	1,346
Anglè antanke yon Nouvo Lang	2,531	2,458	2,519
Total	3,443	3,533	3,865

Distri a te lanse yon efò konplè, transparan, ak enklizif nan dènye ane yo pou kreye yon apwòch estratejik nan founi yon ansèyman motivan epi ankouraje reyisit eskolè ak lengwistik elèv yo. Kòm konsekans, nan mwa Out 2019, Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal NYSED la deklare ofisyèlman Distri a te suiv etap ki nesesè yo pou yo pa soumèt ankò anba yon Plan Aksyon Korektif. NYSED te pran desizyon sa a sou baz yon vizit fèmti sit Plan Aksyon Korektif nan lekòl ki enplike nan vyolasyon yo mansyone yo (Lekòl segondè Spring Valley, Lekòl Segondè Ramapo, ak Lekol Primè Elmwood) Epitou yon angajman Distri a pran pou devlope pwosesis egzamen pou kalite pwogram NYSED yo ELL / MLL nan ane lekòl 2019-20 la.

Sètifika pou pale ak ekri nan de lang nan Distri a

Sètifika Pou pale ak ekri nan de lang nan Distri a Liv ki gen delè presi yo pèmèt konseye yo ansanm ak kandida pou pale ak ekri nan de lang yo respekte kritè yo bay pou jwenn sètifika pou pale ak ekri nan de lang nan. Pandan ane lekòl 2019-20 an, pandan Distrik a te angaje l nan ansèyman adistans lan, konseye yo te kapab sèvi ak Google Classroom ak lòt metòd kominikasyon yo pou egzamine pwogre kandida yo genyen epi ede yo rete sou wout k ap pèmèt yo ranpli kondisyon pou yo rive genyen sètifika pou pale ak ekri nan de lang nan. Elèv yo te telechajepwojè yo ak dokiman rechèch yo sou Google Classroom anvan yo pwograme prezantasyon yo genyen yo. Kandida pou sètifika pale ak ekri nan de lang yo te patisipe nan yon Google Classroom pou prezante travay yo fè yo. Malgre pwosesis la te diferan nan ane lekòl la 2019-20 an, te gen 27 ansyen lekòl segondè ki te genyen sètifika a. Sa a se yon ogmantasyon de nèf elèv lè nou konpare ak ane lekòl anvan an.

Apati ane lekòl 2018-2019 la, Distri a te kapab bay elèv yo egzamen NYSED te apwouve yo LOTE + 1 Pathway. Pandan kat ane, pousantaj gradyasyon nan ELL yo te ogmante a 20% nan de dènye ane yo.

Tablo 16: Pousantaj Gradye Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELLs)

Ane	Pousantaj	Chanjman pousantaj
Klas 2017	6%	-2 pwen pousantaj
Klas 2018	17%	+11 pwen pousantaj
Klas 2019	26%	+9 pwen pousantaj
Klas 2020	26%	0 pwen pousantaj

Enskripsyon Jeneral

Pou ane lekòl la 2019-20, yo te fè enskripsyon sou entènèt disponib nan twa lang diferan: Anglè, Espanyòl ak Ayisyen Sa te bay yon opsyon anplis pou fanmi ki te bezwen enskri men ki pa t disponib nan lè nòmal biwo yo. Opsyon sa a te antre an aplikasyon de mwa anvan Distri a te pase nan ansèyman adistans akòz COVID-19 la. Pou Anrejistreman anplwaye yoyo te kapab aksepte aplikasyon anrejistreman sou entènèt pandan y ap travay adistans akòz pandemi an. Annapre, anplwaye yo kontakte paran yo lè yo rele oswa voye yon imèl ba yo pou mande yo telechaje dokiman yo voye yo, pou verifye laj elèv yo, relasyon ak paran yo, ak prèv sou kote yo rete. Byenke Biwo Enskripsyon Santral la ouvè kounye a pou anrejistreman an pèsòn, paran yo kontinye ranpli pwosesis enskripsyon an sou entènèt pou yo pwofite de avantaj li bay yo ni nan lè lekòl ap fonksyone ni nan lè li p ap fonksyone yo ak posiblite pou kenbe distans sosyal pandan y ap fini pwosesis la.

Kapital imen

Biwo Pèsonèl la sipòte plis pase 1.400 anplwaye Distri a, tou de sètifye ak Sèvis Sivil, ki travay nan 14 bilding lekòl, bilding administrasyon an, ak plizyè douzèn lòt kote. Biwo a kolabore ak ankouraje relasyon ak tout anplwaye kòm yon pati nan yon kominote inifye edike timoun nan tout antye. Biwo Pèsonèl la konsantre sou relasyon ak jesyon negosyasyon kontra, doleyans, jesyon kontra, ak disiplin anplwaye pou 14 inite inite negosyasyon kolektif nan Distri a.

Tablo 17: Pwofesè ak administratè k ap travay

Ane Lekòl	Kantite Pwofesè ak Administratè
2016-2017	67
2017-2018	87

2018-2019	93
2019-2020	66

Remak: Pou ane 2020 an, Distri a p ap ajoute nouvo pòs travay nan bidjè pou peryòd 2020-21 an.

Pòs sètifye nou retire

Pandan ane lekòl 2008-2009 la jiska ane lekòl 2012-2013, te genyen 157 pòs travay nou te retire nan bidjè a. Depi ane lekòl 2015-2016 la, te gen sèlman 15 pòs sètifye nou retire, sa te fèt nan ane lekòl 2017-2018 epi tout moun sa yo se te asistan pwofesè. Tout asistan pwofesè yo te gen delè yon ane. Travay sètifye nou te retire anvan ane lekòl 2015-2016 yo te retounen disponib epi te gen nouvo travay yo nou te kreye.

Tablo 18: Kantite anplwaye:

Ane Lekòl	Anplwaye yo
2014-2015	1,217
2015-2016	1,269
2016-2017	1,310
2017-2018	1,373
2018-2019	1,400
2019-2020	1,448

Kantite pwofesè:

2014-2015: 640

2019-2020: 828

Diferans ant ane lekòl 2014-2015 ak Jodia: 188 pwofesè anplis k ap travay

Lis Kalifikasyon Prefere:

Ane lekòl 2015-2016: 81 pwofesè, asistan pwofesè ak administratè sou lis yo

Ane lekòl 2019-2020: 0 pwofesè, asistan pwofesè ak administratè sou lis yo

Lòt Pwen Enpòtan

Biwo Resous Imèn te jere negosyasyon ak règleman kontra yo pou tout 14 inite negosyasyon yo; li te rezoud plent inite negosyasyon an te genyen; li te devlope politik, metòd ak sistèm sou entènèt; li te amelyore kominikasyon ak anplwaye yo e ak inite negosyasyon yo; epitou li te ogmante kantite pwofesè ranplasan yo a 25%.

Pwogram Finanse

Biwo Pwogram Finanse (OFP) sipèvize lajan federal bay pou lekòl piblik yo, li sipèvize sèvis san paspouki nan lekòl ki pa piblik yo epi li chèche sibvansyon diskresyonè oswa konpetitif nan men sous tankou leta ak gouvènman federal ak fondasyon yo.

Pandan ane lekòl 2019-2020 la, Biwo Pwogram Finanse yo te fè chanjman NYSED apwouve nan lekòl piblik ki resevwa sibvansyon distri yo yon fason pou lajan ki disponib yo kapab achte Chromebooks pou elèv yo itilize pou ansèyman a distans pandan pandemi Covid-19 la. Se nan mwa mas ak avril lajan yo te vin disponib Lòt lajan yo te mete apa pou sèvis pwofesyonèl sou kontra yo te disponib nan mwa jen.

Tit IA - Amelyore Rezilta akademik pou moun defavorize yo

Yo kreye lajan Tit IA pou Distri a jeneralman selon sou kantite elèv ki "kalifye pou revni" nan Distri a - sa gen ladan elèv piblik ak elèv ki pa lekòl piblik yo. Lajan Tit IA Distri a divize an lajan pou lekòl piblik yo e an lajan pou sèvis san pasouki pou lekòl patispan ki pa piblik yo selon pousantaj elèv nan chak gwoup. Lajan sa yo itilize pou finalize epi amelyore anviwònman ansèyman nan lekòl piblik yo. Anviwon 98% nan lajan Tit I pou lekòl piblik yo pèmèt peye anplwaye yo, tankou pwofesè lekti, bibliyotekè lekòl yo, fasilitatè estanda akademik yo, ak FRC yo. Antou gen 27,471 elèv ki abite nan East Ramapo ranpli kritè revni kay la pou jenere fon Tit I yo. Kantite elèv ki pa gen gwo mwayen nan lekòl piblik yo se 7,920 (29%); kantite elèv ki pa gen gwo mwayen nan lekòl prive yo 19.551 (71%).

Tit IIA - Prepare, fòme, epi anboche pwofesè, direktè, oswa lòt dirijan Lekòl ki gen kalifikasyon siperyè

Yo kreye lajan Tit IA pou Distri a jeneralman selon patisipasyon Distri a nan resansman kominote ki gen laj 5 jiska 17 lane (20% nan lajan an) epi ki selon patisipasyon Distri a nan resansman sou povrete pou kominote ki gen laj 5 jiska 17 lane (80% nan lajan). Lajan Tit IIA Distri a divize an lajan pou lekòl piblik yo e an lajan pou sèvis san pasouki pou lekòl patispan prive yo selon pousantaj elèv nan chak gwoup. Lajan sa yo itilize pou finalize ak sipòte devlopman anplwaye nan lekòl piblik yo ak lekòl prive yo. Anviwon 66 % nan lajan Tit II lekòl piblik te konsakre pou peye anplwaye pou devlopman pwofesyonèl nan tout distri a. Pifò nan lajan ki rete yo te itilize pou devlopman pwofesyonèl sou kontra sèvis yo. Nan ane lekòl 2019-20, te gen 9.428 elèv lekòl piblik (25% nan total la) ak 27.962 elèv lekòl prive (75% nan total la) nan ERCSD.

Tit III ELL ak Tit III Imigran

Yo kreye lajan Tit III ELL pou Distri a jeneralman selon kantite elèv yo idantifye kòm Elèv k ap Aprann Anglè. Lajan sa yo divize an gwoup elèv piblik ak elèv prive. Yo kreye Fon III Imigran selon kantite ELL ki ranpli kritè imigran ni nan lekòl piblik ni nan lekòl prive yo.

Nan ane lekòl 2019-20, te gen 15,497 elèv yo idantifye kòm Elèv k ap Aprann Anglè (ELLs); te gen 3.551 (23%) nan lekòl piblik yo, 11.946 (77%) elèv nan lekòl prive yo. Anviwon 84% nan lajan pou lekòl piblik yo te itilize pou peye anplwaye ki nan kesyon ansèyman ELL ak devlopman pwofesyonèl yo, Konsèy elèv ELL, ak lajan yo bay pwofesè yo pou lòt sipò elèv ELL yo.

Tit IV - Sipò pou elèv ak anrichisman akademik

Yo kreye lajan Tit IV pou Distri a jeneralman selon patisipasyon Distri a nan lajan Tit I tout eta a, ki se Lajan pati A ane lekòl anvan an. Lajan sa yo itilize pou sipòte efò lekòl yo pou bay yon edikasyon konplè, pou ankouraje anviwònman sekirize epi yon anviwònman ekilibre pou elèv yo, epi ankouraje itilizasyon efikas teknoloji ansèyman an. Lajan Tit IV Distri a divize an lajan pou lekòl piblik yo e an lajan pou sèvis san pasouki pou lekòl patispan prive yo selon pousantaj elèv nan chak gwoup. Nan ane lekòl 2019-2020 an, te gen 9 428 elèv lekòl piblik (25% nan total la) ak 27.962 elèv lekòl prive (75% nan total la) nan ERCSD. Anviwon 98% nan lajan pou lekòl piblik yo pèmèt peye anplwaye yo, espesyalman fasilitatè estanda akademik yo pou sipòte efò lekòl yo pou ranpli sipò Tit IV ak misyon anrichisman.

Lekòl Preskolè (UPK)

Pwogram UPK Distri ap sèvi prèske 1,800 timoun nan plis pase 50 zòn nan tout Distri a. Yo jenere Lajan UPK yo sou baz yon fòmil finansman eta epi yo atribye a sit pa kapita pou chak elèv UPK.

Biwo Pwogram Finanse yo sipèvize tou ekri ak administrasyon sibvansyon diskresyonè ak konpetitif ak lòt pwogram finanse yo. Gen kèk nan sibvansyon sa yo ki nan lis nan tablo ki anba a:

Tablo 19. Sibvansyon 2019 - 2020

Finansman Sous	Kominote Elèv	Depans (septanm 2019-jen 2020)
Tit I - Lekòl Piblik	**7,920**	***$6,364,164***
Tit I - Lekòl ki Prive	19,551	*$8,668,007*
Tit IIA - Lekòl Piblik	**9,428**	***919.525 dola***
Tit IIA – Lekòl Prive	27,962	*676.863 dola*
Tit III (ELL) - Lekòl Piblik	**3,551**	***606.609 dola***

Tit III (ELL) - Lekòl Prive	11,946	*$1,289,236*
Tit III (Imigran) - Lekòl Piblik	**1,645**	***112.781 dola***
Tit III (Imigran) - Lekòl Prive	226	*$0*
Tit IV - Lekòl Piblik	**9,428**	***477.434 dola***
Tit IV - Lekòl prive	27,962	*432.713 dola*
Amelyorasyon nan Lekòl (SIGA) - Piblik	**Pa aplikab**	***$150,000***
Amelyorasyon nan Lekòl (SIG-7) (IB) - Piblik	**Pa aplikab**	***341.996 dola***
Preskolè inivèsèl - Lekòl Piblik angaje	**362**	***$1,097,148***
Preskolè inivèsèl - Lekòl prive angaje	1,425	***$4,318,885***
Defi MBK – Piblik	**Pa aplikab**	***29.925 dola***
MBK FACE – Piblik	**Pa aplikab**	***91.187 dola***
Empire State After School (Elem) - Piblik	**850**	***436.693 dola***
LEKÒL SEGONDÈ EARLY COLLEGE – Piblik	**100**	***13.210 dola***
Tan Ansèyman Pwolonje - Piblik	**Pa aplikab**	***$1,043,039***

Pou ede lekòl prive yo pran desizyon konsènan Pwogram devlopman pwofesyonèl ki pi efikas, desizyon ki pi rantab e ki bay pi bon rezilta, Biwo Pwogram Finanse a mete sou pye yon fòmasyon ak yon asistans teknik pou tout lekòl prive yo pou yo ka devlope plan devlopman pwofesyonèl yo a. Toutpandan se avèk Modèl Danielson nan lekòl yo sèvi, yo kreye eksperyans ansèyman pwofesyonèl ki plis sible e dirab. Menm jan an tou, Biwo Pwogram Finanse te travay kòtakòt ak patnè lekòl prive nan Distri a, ak Sant Edikasyon Kominotè, pou ede lekòl yo devlope plan Tit IV yo. Plan sa yo te mande pou lekòl prive yo fikse objektif klè pou pwogram yo, pou dekri konsepsyon pwogram nan, epi idantifye dispozisyon pou fè evalyasyon k ap pèmèt nou wè jis nan ki pwen pwogram nan reyisi.

Distri a te resevwa yon dezyèm bous Smart Scholars / Lekòl Segondè Early College nan men NYSED. Nou te konsidere ane lekòl 2019-2020 kòm yon ane planifikasyon pou dezyèm sibvansyon an, sa ap kontinye pou ane lekòl 2020-2021 akòz pandemi Covid-19 la. Bous Smart Scholars la pral pèmèt jiska 200 elèv jwenn ant 24 ak 42 kredi inivèsitè pou yon fòmasyon 2 zan nan medsin egzèsis ak espò.

Pandan ane lekòl 2019-20 la, Distri a te angaje l nan yon Revizyon NYSED kontwole e Kowòdone. Revizyon sa a te egzamine demach Distri a swiv pou l aplike epi respekte kondisyon

pwogram Lwa Chak Elèv Ap Reyisi a (Every Student Succeeds Act, ESSA) - sètadi, Tit I, IIA, III, ak IV. NYSED te pibliye yon seri obsèvasyon, rekòmandasyon, ak aksyon obligatwa pou Distri a nan otòn 2020 an. Distri a te dakò avèk mizajou ak modifikasyon nan demach yo, jan NYSED te mande sa oswa te sijere sa. Pa egzanp, nan revizyon sa a, NYSED te remake Distri a te bezwen fè mizajou nan politik anrapò ak elèv ki sanzabri yo, ak angajman paran / fanmi, ak nan kontwòl entèn yo. NYSED te pibliye tou plizyè mezi korektif ki gen rapò ak dispozisyon sèvis san paspouki yo bay lekòl prive patisipan yo. Distri a te mete ajou règleman sa yo. Se Konsèy ERCSD a ki te apwouve mizajou sa yo ann otòn 2020. Distri a te bay NYSED tou dokiman sou depans ak demach fiskal ki te montre respè règleman fiskal federal yo. Distri a te pran an konsiderasyon sijesyon ak rekòmandasyon NYSED te fè nan domèn tankou rekòmandasyon pou l gen yon dokiman sou reyinyon ant distri a ak lekòl ki prive yo ansanm ak patnè lekòl prive nan distri a. Nan moman ou t ap ekri rapò sa a, Distri a te toujou angaje l ansanm avèk NYSED pou rezoud aksyon korektif ak aksyon nesesè detaye nan rapò siveyans la.

Biwo Pwogram Finanse yo kontinye travay ak moun ki responsab elèv yo pou kapab ede lekòl yo ak Kowòdonatè Resous Familyal byen òganize edikasyon pou paran yo nan tout Distri a. Administratè yo, pwofesè, FRC, ak paran ki soti nan tout 14 lekòl yo te patisipe nan yon fòmasyon enpòtan sou Responsablite timoun nan. Se yon fòmasyon ki bay lekòl yo bonjan resous ak konesans pou mete ant uit a 12 paran nan yon kou ki gen 8 sesyon sou pi bon fason pou yo kreye relasyon fanmi-lekòl epi pou yo soutni timoun yo nan kesyon lekòl ak sosyal.

Anviwònman sekirite, klima lekòl ak ansèyman sosyal / Emosyonèl

Depi lè nou fin kreye pòs Kowòdonatè Sekirite / Polisye lekòl la, moun sa a la pou l fè manm estaf sekirite a tounen yon sèl depatman. An reyalite, Depatman Sekirite a ap chèche kreye yon anwònman sekirite pou elèv yo ak anplwaye yo epi bonjan relasyon ak fanmi yo ak kominote a, epitou sèvi kòm konseye pou elèv yo.

<u>Fonksyònman Depatman an</u>

Ann amoni ak nòm yo mete an plas, Depatman Sekirite respekte sa ki vin apre yo: Tout manm yo resevwa fòmasyon sou nòm ajou selon Lwa 1992 sou Gad Sekirite Eta Nouyòk epi yo resevwa fòmasyon sou devlopman pwofesyonèl chak ane sou lwa ak kalifikasyon ajou selon Lwa a ak fòmasyon yo bay nan moman travay yo Tout manm yo kominike youn ak lòt epi respekte yon seri kòmandman etabli, sa ki fè depatman an vin pi efikas e pi rantab pandan pi gwo evènman yo, tankou nan gradyasyon ak ijans.

Tout nouvo asistan sekirite ak asistan sekirite ranplasan yo resevwa enstriksyon endividyèl epi yo swiv fòmasyon ansanm avèk manm estaf sekirite yo. Tout manm yo te resevwa fòmasyon selon temwayaj nan tribinal ak nan rapò ekri.

<u>Manm estaf sekirite 2019/2020</u>

Se 37 asistan sekirite aplentan yo asiyen nan nèf lekòl. Pifò anplwaye nou genyen ki pi resan yo se polisye ki pran retrèt yo, tankou polisye nan Depatman Polis Nouyòk ak Polis Eta Nouyòk, ansanm ak ansyen chofè otobis ki te deja travay pou Distri a. Twa (3) dènye asistan sekirite nou

te anboche yo, ki se polisye ki pran retrèt yo, pa jwenn avantaj oswa yon pansyon nan Distri a. Sa fè gen ekonomi nan Distri a.

Plan Mobilizasyon

Nou te kreye yon plan mobilizasyon ak senk nivo pou n kapab deplase deplase depatman sekirite nan nenpòt bilding nan ERCSD. Se pou n ka bay sekirite ak / oswa plis sekirite nan nenpòt bilding nan Distri a lè gen ijans oswa lòt bezwen.

- Nivo 1 - 1 Ajan Sekirite nan chak bilding nan espas la
- Nivo 2 - 2 Ajan Sekirite nan chak bilding nan espas la
- Nivo 3 - 3 Ajan Sekirite nan chak bilding nan espas la
- Nivo 4 - 4 Ajan Sekirite nan chak bilding nan espas la, ak yon Ajan Sekirite Siperyè nan espas la
- Nivo 5 - 5 Ajan Sekirite nan chak bilding nan espas la ak de Ajan Sekirite Siperyè nan espas la

Yon mobilizasyon ap vle di premye bilding yo ap sekirize san sekirite oswa kantite sekirite a double nan yon dezyèm bilding. Yo te kontakte mobilizasyon an de fwa epi sa pote bon rezilta, san Distri a pa peye lòt lajan ankò.

Ekipman Sekirite

Pandan de dènye ane lekòl yo, Sa ki vin apre yo se materyèl sekirite nou te achte oswa nou te planifye pou n achte:

Me 2020: Gen kamera nou enstale nan sis etablisman epi nou mete yo nan espas piblik lekòl yo ak nan perimèt chak bilding. N ap mete kamera resan, e n ap enstale nouvo kamera lè n sèvi ak lajan Smart School Bond. Enstalasyon an te kòmanse nan mwa me 2020 a. Chak lekòl dwe enstale kamera anndan ak deyò nan tout espas piblik yo.

2019: Nou te achte e distribye lòt radyo anplis. Se radyo ki gen teknoloji nimerik ladan yo, sa ki fè radyo yo vin pi itil. Nou te vini ak nouvo inifòm e n te bay yo pou n ka gen yon pi bon imaj pwofesyonèl.

2018: Nou te achte 36 lòt radyo.

Mizajou nan Materyèl:

- Nou te ogmante epi modènize kamera nan tout lekòl yo, espesyalman lekòl elemantè yo, yon fason pou n mete yo
  nan menm nivo ak bilding
- Tout antre bilding yo te sekirize ak pi bon kamera ak sonèt, kadna, ak
  kontwòl aksè.
- Nou te enstale alam / alam panik ak kamera sou tout pòt deyò yo.

Plan Akademik Estratejik Alontèm

Nan mwa me 2020 an, Distri a, te kreye yon nouvo Plan Akademik Estratejik pou ane lekòl 2020-2021 a 2024-2025. Te gen plis pase 100 gwoup moun ki te patisipe Plan an sèvi kòm kouvèti pou pwogram ansèyman yo epi li ekspoze filozofi k ap gide Distri a ki baze sou Kat pilye yo.

Obsèvasyon monitè yo konsènan gouvènans ak lidèchip

Pandan ane lekòl 2019-2020 an, Komisyon Konsèy la ak dirijan li yo te fè fas ak plizyè kritik nan nouvèl. Yo te fè jijman pwosè Seksyon Spring Valley Asosyasyon Nasyonal pou Avansman moun Koulè Po diferan yo (Spring Valley chapter of the National Association for the Advancement of Colored People, NAACP) te voye twa (3) zan anvan an nan mwa fevriye 2020. Pwosè a te wè Konsèy Administrasyon an, ki gen nèf manm, te vini ak règleman ki pa nan enterè 10,000 elèv lekòl piblik, prèske tout elèv yo se Nwa ak Latino. Pandan tan sa a, yo te rapòte jijman an chak jou nan jounal lokal yo. Monitè yo te soti nan dosye a epi yo pa t patisipe nan okenn diskisyon sou sesyon egzekitif anrapò ak dosye a. Dosye a te mennen nan yon jijman kont distri ki koute 9 milyon dola. Komisyon Konsèy la te jwenn okazyon pou l rezoud dosye a, men li te deside al nan pwosè.

Pwosè a te kontinye ak jij la te deside an favè NAACP. Se sa ki fè Distri te oblije kreye yon sistèm katye pou ranplase sistèm jeneral la. Nouvo sistèm sa a pral kreye twa katye kote pifò elèv rezidan yo ale nan sistèm lekòl piblik la. Majorite manm konsèy yo te vote pou fè apèl kont desizyon an, sa ki pral koute plis frè legal. Pral gen yon eleksyon 2 fevriye 2021 kote plas tout nèf manm konsèy yo pral ranpli. Kondisyon pou chak plas manm Konsèy la ap etabli grasa tiraj osò.

Doktè Deborah Wortham te demisyone nan Distri a nan mwa jen 2020. Li te direktris pandan senk an. Li te kreye sistèm epi vini ak dispozisyon ki pa t egziste lè li te kòmanse a epi li te sipèvize yon restorasyon ki pote bonjan transfòmasyon. Komisyon Konsèy la te kòmanse chache touswit yon lòt direktè Pwovizwa. Yo te nome Doktè Ray Giamartino 31 Out 2020. Monitè yo te patisipe dirèkteman depi nan kòmansman epi yo te bay opinyon ak fidbak sou chwa final Direktè Pwovizwa a.

Komisyon Konsèy la sèvi ak yon gwoup imèl kote tout manm Komisyon Konsèy la, sa gen ladan monitè yo, sou chèn imèl la epi yo pataje epi diskite enfòmasyon sou atik ki nan ajanda Komisyon Konsèy la. Nou ka konsidere chèn imèl sa a kòm yon reyinyon selon lwa sou Reyinyon Piblik piske li se yon konvokasyon tout manm nan Komisyon Konsèy la kote se pawòl sou biznis piblik k ap pale. Se poutèt sa, piske moun te ka wè sa kòm yon reyinyon mal konvoke, nou dwe abòde pratik sa a.

Avoka Komisyon Konsèy la te enplike nan anpil sitiyasyon kote yon avoka Komisyon Konsèy pa ta bezwen enplike. Pratik sa a te ajoute gwo depans pou frè legal yo. Komisyon Konsèy la ta dwe itilize yon avoka sèlman lè sa nesesè pou n ka ekonomize lajan.

Plan Amelyorasyon bidjè alontèm

Devlopman Bidjè.

Daprè Chapit 89 Lwa 2016 yo, yo te nome Mesye Bruce Singer kòm kontwolè finansye nan Distri Lekòl East Ramapo a nan dat 5 Mas 2020. Kontwolè finansye anvan an, Mesye Charles Szuberla, te sipèvize devlopman Distri a ak reyalizasyon bidjè ane lekòl 2019-2020 an. Kontwolè finansye aktyèl la pa t patisipe nan kreyasyon bidjè ane lekòl 2019-2020 an piske sa te gentan fèt anvan dat nominasyon li. Responsabilite Kontwolè finansye a se sipèvize finans ak tranzaksyon Distri a. Komisyon Konsèy la ann akò avèk kontwolè yo dwe voye yon pwopozisyon bidjè bay Komisyonè a nan 45 jou oswa mwens, anvan dat yo pwograme pou vote bidjè Distri a. Komisyonè a revize bidjè a pou asire l bidjè a ogmante pwogram edikatif pou elèv yo otank posib. Komisyonè a revize bidjè yo pwopoze a tou pou asire li ekilibre nan kesyon previzyon revni, depans ak pwogram obligatwa yo. Komisyonè a prezante rezilta li yo bay Komisyon Konsèy. Se konsèy la ki dwe ajiste bidjè yo pwopoze a ann amoni ak rekòmandasyon Komisyonè a te fè.

Kontwòl Ekstèn

Etandone Distri lekòl yo ap fonksyone sou yon peryòd fiskal kontinyèl, soti 1ye jiyè rive 30 jen chak ane, kontwòl kontab nan fen ane a se yon rezime sou dènye ane finansye a, epi li gen kritik administrasyon an fè pou kapab amelyore responsablite finansye. Odit nan fen ane a konfime tou revni total ak depans total e li gen ladan balans fon nan fen ane a. Men pwen enpòtan nan kontwòl ekstèn 30 jen 2019 la:

Odit Ekstèn- 30 jen 2019 - Kòmantè ak Pwen esansyèl

1. Balans fon ki pa atribye nan fen ane 30 Jen 2019 la te $ 8,486,745, ki egal a 3,52% nan bidjè ane lekòl 2019-2020 an, sa ki pi piti pase limit maksimal balons fon 4% ki pa atribye a.
2. Nòt Moody bay Distri a soti nan "Baa2 Outlook negatif" rive nan "Baa2 Outlook Estab." Echèk bidjè pou ane lekòl 2020-21 an ap gen yon enpak negatif sou nòt kredi Distri a alavni.
3. Tout enfòmasyon kontab yo deplase, sekirize, epi yo aksesib nan espas cloud.
4. Distri a te kreye yon Modil Sèvis Lib pou Anplwaye yo ki pèmèt tout anplwaye jwenn aksè sou entènèt a pewòl yo, W-2, ak lòt done pèsonèl.
5. Revni Èd Leta ($ 82,600,423) egal a 33,3% nan bidjè total la ($ 247,753,226).
6. Pi gwo sous revni an se taks sou byen imobilye lokal ($ 157,286,500), ki reprezante 63,5% nan bidjè total la. Tanpri gade atachman "East Ramapo Revni Estimasyon - Bidjè 2020-21."

Odit Reklamasyon

Pandan ane lekòl 2019-2020 an, konfimasyon bon a òd yo te parèt nan rapò sou reklamasyon chak mwa a. Yo te prezante yo Komisyon konsèy la bon a òd sa yo pandan reyinyon chak mwa li fè yo. Konfimasyon bon a òd vle di yo te ekri bon a òd yo apre yon acha, se pa avan, jan sa ta dwe fèt selon pwosesis tranzaksyon nòmal yo.

Konfimasyon bon a òd acha yo apwopriye sèlman pou itilize nan sitiyasyon ijans. Sitiyasyon sa yo rive kèk fwa sèlman nan yon ane (pa egzanp,reparasyon ak antretyen bilding ak lakou yo ann ijans). Tout lòt acha dwe swiv pwosesis tranzaksyon nòmal yo.

Kontwolè finansye a konvenk Distri a sou nesesite pou elimine bon a òd yo. Anplwaye lekòl yo dwe responsab si pratik sa kontinye. Anplwaye ki kontinye inyore règleman Distri yo ta dwe responsab pou acha avèk pwòp lajan yo. Distri a pran angajman pou swiv bonjan pwosesis d acha.

Odit Biwo Kontwolè Leta a (OSC)

Pandan ane lekòl 2019-2020 an, OSC te reyalize epi pibliye odit konsènan transpò ak liv lekòl.

Odit sou Liv (pibliye ann Out, 2020)

Rezilta kle OSC yo

Distri a pa te gen bon sistèm an plas pou verifye si se sèlman elèv ki kalifye ki te reevwa liv lekòl yo te achte oswa prete elèv lekòl prive yo. Yo te bay twa san elèv lekòl prive liv, menm si rejis Distri a pa t bay kalifikasyon pou elèv yo resevwa liv yo. Distri a pa te gen okenn sistèm an plas pou kontwole ki liv lekòl yo te achte ak prete elèv lekòl prive yo epi li pa kapab kontwole tout liv lekòl yo te achte ak prete elèv sa yo.

Rekòmandasyon OSC

Responsab distri yo ta dwe veye pou se sèlman elèv ki kalifye ki resevwa liv yo. Responsab distri yo ta dwe fè yon envantè anyèl nan tout distri a, ki gen ladan liv lekòl yo prete pou elèv lekòl prive yo, epi asire l administratè lekòl prive remèt Distri a liv ki pa nesesè ak sa ki andomaje yo.

Repons Distri a parapò ak Rezilta e rekòmandasyon OSC yo

Distri a kenbe yon envantè liv ki pa piblik ki konplè epi ki ajou. Distri a verifye adrès elèv lekòl prive yo ki abite nan limit jewografik Distri a pou rezon transpò ak liv lekòl yo. Biwo Prè Liv la ap kontinye asire l kantite liv lekòl chak lekòl prive kòmande yo pa depase kantite elèv k ap viv nan ERCSD pou chak klas nan lekòl la.

Aksyon yo dwe pran disi mwa jiyè 2020: Yo te mete ajou baz done ki ede Biwo Prè Liv wè ki elèv ki kalifye egzakteman pou resevwa liv yo apatide jiyè 2019. Anplwaye Distri ki nan Biwo Prè Liv la ap kontwole envantè a epi konfime nan ki kondisyon liv yo ye. Distri a ap mande pou

chak lekòl prive yo fè yon envantè fizik nan liv lekòl yo epi soumèt rezilta envantè yo chak septanm. Distri a ap fè yon rapwòchman chak ane.

Apati 30 jen 2020, Distri a potko mete sou pye totalman aksyon korektif ki nesesè pou konfòme li avèk rezilta Kontwolè NYS la.

Odit Transpò (pibliye an Novanm 2019)

Rezilta kle OSC yo

Responsab Distri yo pa t gen dokiman ki montre Distri a te peye transpò pou sèlman elèv k ap viv nan Distri a. Yo te mande dokiman pou 300 elèv. Dokiman pou 93 elèv te manke. Yo te dekouvri kèk mankman, tankou pa gen okenn prèv adrès pou 54 nan 193 aplikasyon pou nouvo elèv yo e pa gen okenn prèv dat nesans pou 15 elèv Distri a te peye 15 lekòl pou itilize kontraktè prive Yeshiva sou baz chak elèv pou transpòte 717 elèv pou $ 495,499. Lefètke gen plis elèv ki enskri, sa fè depans transpò ap ogmante.

Rekòmandasyon kle OSC

Distri a ta dwe jwenn dokiman pou pwouve kalifikasyon anvan li bay elèv prive yo transpò epi li ta dwe itilize kantite elèv li genyen an olye se estimasyon li itilize pou fè pèman yo.

<u>Repons Distri a parapò ak Rezilta e rekòmandasyon OSC yo</u>

Distri a te bay te fè anpil efò pou l kreye yon nouvo baz done konplè ki gen ladan tout done enskripsyon obligatwa selon lalwa pou nouvo kandida yo ak reyaplikasyon pou elèv lekòl prive yo. Se pandan ane lekòl 2019-2020 an yo te vrèman itilize baz done sa a. Kounye a Distri a jwenn tout dokiman yo anvan li transpòte ni elèv lekòl leta yo ni lekòl prive yo.

Anpil nouvo elèv enskri apre dat BEDS ki se premye Mèkredi nan mwa Oktòb la. Pri transpò pou elèv sa yo ogmante depans pi plis pase kantite ki disponib nan bidjè ki baze sou Jounen enskripsyon BEDS la. Nouvo baz done Distri a, jan sa dekri pi wo a, pral ede konsève enfòmasyon sou tout nouvo aplikasyon yo ak reyaplikasyon pou transpò pou elèv piblik ak prive yo.

Konsiltan nan Sèvis Transpò

Distri a aksepte sèvis Mesye Gus Kakavas, yon konsiltan nan sèvis transpò, pou l ka jwenn amelyorasyon nan operasyon ak demach k ap pèmèt gen yon pi bon sistèm transpò.

Aprè anpil reyinyon avèk administratè lekòl leta ak lekòl prive yo, ak responsab transpò piblik ak prive yo, ak otorite sendika yo, Distri a te revize tan klòch la. Nouvo orè klòch la a plizyè nivo te pèmèt konsiltan transpò a kreye tan disponib pèmanan nan karannsenk minit, ki pèmèt pifò otobis atenn objektif la avèk 90% nan plas yo ranpli. Nou te prevwa fè prèske 4 milyon dola kòm ekonomi. Sepandan, akòz kantite enskripsyon ogmante anpil, plis pase 2,500 elèv pandan septanm ak oktòb 2019, ekonomi yo te prevwa yo pa te reyalize, piske Distri a te souzestime

ogmantasyon sa a. Elèv anplis yo te lakòz bidjè anyèl la ogmante a 6 milyon dola. Sepandan, lefètke lekòl yo te fèmen nan mwa mas 2020 akòz COVID-19, te gen yon rediksyon 6 milyon dola nan bidjè anyèl depans transpò a. Lefètke depanse anyèl la te bese pandan ane lekòl 2019-2020 an, sa ap diminye èd transpò Distri a ap resevwa pandan ane lekòl 2020-21 an kòm ranbousman pou depans transpò pandan ane 2019-20.

Rapò Odit Entèn sou Evalyasyon Risk pou fen ane 30 jen 2020 an

Kabinè kontab Tobin & Konpayi an te reyalize Evalyasyon Risk pou peryòd ki te fini 30 jen 2020 an. Odit la te jwenn amelyorasyon sa yo nan pratik distri a:

- Fòm enskripsyon pou transpò yo disponib kounye a sou sit entènèt Distri a.
- Achte bon a òd (purchase orders) kounye a detaye nimewo òf ak nimewo kontra.
- Distri a te mete sou pye Pèman pozitif pou tout kont, pou asire l rejis distri a ak rejis bank yo ann akò avan yo chanje yon chèk.
- Yo te ajoute kontwòl pou se sèlman tranzaksyon pewòl ak taks sou pwopriyete ki fèt sou Chanm Konpansasyon Otomatik (Automated Clearing House, ACH)
- Se Modil Sèvis Lib pou Anplwaye yo ki ede kreye pòtay pèman anplwaye yo.

Kontwolè finansye a te pale avèk anplwaye Distri yo sou pwoblèm annapre yo ki te parèt nan rezilta odit entèn ane lekòl 2018-2019 ak ane 2019-2020 an. Distri a bezwen korije mankman sa yo:

- SchoolDude, ki se yon lojisyèl sistèm jesyon pou tranzaksyon chak jou, se pa la pou kontwole lokasyon ak faktirasyon etablisman.
- Yo pa enstale lektè pou pase kat sou pòt
- Pa gen pwosesis fòmèl nan kominikasyon ant Biwo Resous Imèn ak Biwo Teknoloji Enfòmasyon.
- Distri a pa kontinye kreyasyon WINCAP Sistèm Jesyon Resous Finansye ak Resous Imèn ("WINCAP sou entènèt").
- Yo pa t revize rapò gaz yo pou itilizasyon depase yo.
- Y ap rekonsilye fakti Plan Enfòmasyon sou Asirans Sante Eta Nouyòk (New York State Health Insurance Information Plan, NYSHIP) chak trimès olye chak mwa.
- Depatman avantaj pap itilize WINCAP pou kontwole faktirasyon.
- Chèf Depatman ak manadjè biwo yo pa te resevwa fòmasyon sou operasyon bon a òd yo.

Repons Distri a sou Odit Entèn lan

- Reyalizasyon SchoolDude pou lokasyon ak fakti pwograme pou fèt disi 1 Out 2021. Pri pou reyalize pwojè sa a dwe antre nan yon bidjè
- Anplwaye Biwo Biznis yo ap fè reyinyon chak mwa avèk Trezorye Gwoup Siplemantè yo pou asire l tout moun byen konprann règ ak règleman konsènan lajan yo itilize pou aktivite ki pa fè pati pwogram pedagojik lekòl la, tankou pwomnad ak pwogram apre lekòl.
- Y ap enstale kounye a lektè kat sou pòt antre yo.

- Y ap enstale lojisyèl ki baze sou cloud pou Sèvis manje nan pwochen vakans ivè a.
- Finansman pou kreye lojisyèl Timecard pral ap antre nan bidjè pou ane lekòl 2021-2022 a.
- Kat transpò ap antre nan bidjè pou ane lekòl 2021-2022 a.

Li bon pou sonje enstalasyon lektè kat sou pòt ak lojisyèl pou sèvis manje a poko fini nan mwa jen 2020.

Jesyon

Nan ane lekòl 2019-2020 an, East Ramapo te bay $ 32,281,850 nan obligasyon, sa ki te reprezante prè final 58 milyon dola kòm kosyon apwouve. Malerezman, se yon sèl bank ki te soumèt yon òf. Akòz gwo to enterè kosyon an (4.93% kont apeprè 3% pou distri vwazen yo), Distri a te bezwen pwolonje dire obligasyon an, soti nan 15 zan pou yon dire 30 lane, sa ap vin ogmante enterè Distri a ap gen pou peye a 15 milyon dola pandan tout tan obligasyon an. Kontwolè finansye a te revize pwopozisyon dèt orijinal yo te prezante bay kominote a nan 2016, ki te gen ladan dire sèvis dèt la ki te 15 lane a. Apre kontwolè finansye a fin egzamine deklarasyon ofisyèl la, li te chanje dire dèt la pou 30 lane. Kontwolè finansye a te fè Administrasyon Distri a konn pwoblèm sa a touswit. Kontwolè finansye a te kontakte tou Mesye Martin Geiger, ki se Avoka Obligasyon an, pou asire l Distri a te gen otorite legal pou pwolonje ane sèvis dèt la. Yo te wè langaj obligasyon yo te prezante elektè yo te pèmèt pou chanjman an. Apre plizyè demann kontwolè finansye a te fè, Distri a enfòme Komisyon Konsèy la sou chanjman nan sèvis dèt nan reyinyon Komisyon Konsèy la ki te fèt an jiyè 2020.

Pwojeksyon Revni

ERSCD ap fè ak de gwo pwoblèm revni Premyèman se 20% yo pran nan èd leta pou ane lekòl 2020-2021 an, ki egal apeprè $ 1.1 milyon. Dezyèmman se egzijans pou n itilize 15.8 milyon dola nan finansman ERCSD te resevwa nan Lwa CARES la pou bay sèvis san paspouki nan lekòl prive yo. Tout aksyon sa yo ansanm kapab gen yon gwo enpak negatif sou pwogram Distri yo. Apati 30 jen 2020, rejis finansye Distri a montre pèman 20% an ki egal apeprè $ 1.1 milyon. Si Eta Nouyòk pa bay pèman Èd Eta / BOCES, lè sa a, East Ramapo ap bezwen diminye depans yo pou ekilibre bidjè a.

Planifikasyon alontèm

Planifikasyon Alontèm dwe gen pou objektif jwenn vòt elektè yo pou bidjè anyèl la. Sa a se yon gwo angajman, piske elèv lekòl piblik yo se yon ti gwoup elèv ki rete nan Distri a. Te gen 28,671 elèv rezidan ki enskri nan lekòl prive yo ak 9,387 elèv lekòl piblik ki enskri nan ERSCD a nan jou BEDS 2019. Te gen tansyon byen dokimante nan kominote a konsènan kantite sipò pou lekòl piblik yo elektè yo vle apwouve.

Yo mete senaryo sou pwojeksyon pou senk ane nan rapò sa a:

Senaryo 1 Elektè yo apwouve yon bidjè anyèl a yon ogmantasyon akseptab ki baze sou chanjman nan endis pri konsomatè Consumer Price Index, CPI). (Sa a se kantite lajan maksimòm ki montre prelèvman taks ka ogmante san apwobasyon yon majorite elektè yo.) Ann sipoze CPI a ogmante chak ane a 1.6% pou senk pwochen ane yo, lè sa a ap gen yon ogmantasyon taks anyèl 1.6% k ap kreye yon previzyon Balans Fon $ 2.036.679 ki pa atribye nan fen ane lekòl 2024-2025 lan.
Senaryo 2 Elektè yo apwouve yon bidjè anyèl ki mwens pase ogmantasyon 1.6% CPI te prevwa a. Yon ogmantasyon taks 1% anyèl la ap kreye yon previzyon Balans Fon - $ 11,448,976 kip a atribye nan fen ane lekòl 2024-2025 lan.
Senaryo 3 Elektè y opa vote okenn bidjè anyèl pou senk pwochen ane yo. Yon ogmantasyon taks 0% chak ane pou senk pwochen ane yo ap kreye yon previzyon balans Fon - $ 27,053,263 kip a atribye nan fen ane lekòl 2024-2025 lan.

Previzyon Balans Fon East Ramapo pou senk ane

Ane Fiskal / Modèl	1.6% Ogmantasyon taks anyèl	1% ogmantasyon taks anyèl la	0% Ogmantasyon taks anyèl
2021	$5,999,269	$5999,269	$5999,269
2022	$4,326,593	$2,781,691	$1,236,788
2023	$3,543,766	-$979,707	-$5,629,863
2024	$2,859,067	-5,636,208	-$14,967,572
2025	$2,036,679	-$11,448,976	-$27,053,263

Enfòmasyon ki pi wo yo se previzyon; sepandan, yo montre aklè nesesite pou elektè yo vote bidjè anyèl la. Pwogram ansèyman yo bezwen ase lajan pou satisfè bezwen elèv yo. Enpak pedagojik bidjè ijans lan dwe parèt klè Komisyon Konsèy la ak kominote a.

Distri a ta dwe angaje yon konsiltan tou pou ede fè pwojeksyon egzak e alontèm sou enskripsyon. Chanjman nan enskripsyon lekòl piblik ak lekòl prive gen gwo enpak sou previzyon finansye alontèm Distri a. Enskripsyon lekòl prive yo ogmante depans transpò yo. Kontwolè finansye a te fè Distri a konnen gen resous ki ka bezwen transfere nan eleman bidjetè k ap kore ansèyman nan lekòl leta yo pou finanse depans transpò obligatwa selon lalwa akoz enskripsyon lekòl prive yo ogmante.

Dèt

Yo te apwouve CS Architects kòm nouvo kabinè achitèk nan mwa jiyè 2020. Kontwolè finansye a rekòmande pou yo fòme yon komite pwojè konstriksyon ki gen ladan: achitèk la, manm Komisyon Konsèy la, manm kominote a, Direktè Lekòl yo, Direktè etablisman yo, Adjwen Direktè Finans lan, Kontwolè NYSED yo, ak konsiltan fiskal yo. Yo dwe kontinye egzamine nan ki kondisyon etablisman ak lakou yo ye. Lè sa apwopriye, yo ta dwe lajan yo nan bidjè anyèl la, oswa si gen yon mank, yo ta dwe prezante yon pwopozisyon obligasyon pou pwojè envestisman

pou ka jwenn vòt elektè yo. Yon nouvo kosyon pwopoze dwe koresponn ak sèvis dèt ki ekspire pou yo pa twò chaje kontribyab Distri yo.

Etablisman yo

NYSED te bay ERCSD yon ekstansyon pou modifye tiyo lafimen kizin yo pou de ane ki sot pase yo. Dapre yon egzamen NYSED fè, li te wè tiyo lafimen kizin yo pa byen vantile e yo dwe chanje yo. Pri renovasyon an apeprè $ 1 milyon. Kòm Distri a pa t met nan bidjè l depans kapital sa a, NYSED te otorize pou yo finanse pwojè a nan bidjè pou ane lekòl 2021-2020 a. Yo te bay de pwolongasyon, youn se te ane pase. Kòm gen lajan ki deja egziste nan Fon Envestisman an, kontwolè finansye a te dakò ak ofisyèl Distri yo pou Komisyon Konsèy la apwouve transfè lajan nan pwojè tiyo lafimen kizin nan. Transfè sa a te fèt, sa ki pral pèmèt pwojè a kòmanse epi korije sitiyasyon an dwe korije pandan ane lekòl 2021-2022 a.

Devlopman Bidjè 2021-2022 ak bidjè ijans

Monitè yo kontinye ap fè fas ak defi pou Distri a reponn yo alè lè yo mande yon enfòmasyon. Sa a se yon pwoblèm transparans tou Distri a. Toude pwoblèmsayo te la depi lè yo fenk mete kontwolè yo nan Distri a.

Kontinye gen pwoblèm anrapò ak fason Distri a konble lajan yo epi fè pwojeksyon bidjè, sa ki afekte kapasite Distri a pou prepare bidjè egzat.

Bidjè pou ane lekòl 2020-2021 an genyen okòmansman yon ogmantasyon prelèvman taks de 2%. Alafen, ogmantasyon taks yo te prezante bay kominote a te 1.3%, elektè yo te rejte li. Bidjè kontinyèl pou ane lekòl 2020-2021 an te dwe gen yon rediksyon 2 milyon dola ladan. Men de rekòmandasyon Direktè a te fè Komisyon Konsèy la te adopte:

- Retire 1 milyon dola nan kòd transpò a. Yo te prete 1 milyon dola mete nan bidjè a pou pwoteje Distri a kont gwo ogmantasyon enskripsyon sanzatann pandan septanm ak oktòb 2020. Pandan ane lekòl anvan an, te gen plis pase 2,500 elèv ki enskri apre septanm 2019. Yo te retire prè a pou te bouche vid la.
- Ogmante Balans Fon atribye a 1 milyon dola pou redwi prelèvman taks la. Sa kapab kreye enstabilite finansye alavni.

Lè Sipèvizè finansye a te resevwa dokiman bidjè 2020-2021 an nan mwa mas 2020, li te soumèt 18 kesyon / enkyetid sou bidjè a.

Sanble gen anpil liy nan bidjè a kip a konble. Liy nan bidjè yo dwe konble pou garanti gen bonjan kontwòl ki an plas. Sipèvizè finansye a te mande yon pwojeksyon sou Balans Fon Ane a; pèsonn pat janm resevwa sa. Li enposib pou ou fè yon pwojeksyon sou balans fon fen ane san si w pa konnen nan ki pwen previzyon sou depans ki nan bidjè a ye.

Itilizasyon Fon Leta ($ 3 milyon)

Pandan ane lekòl 2019-20 an, Distri a te kontinye sipòte de gwo pwogram akademik ak sibvansyon $ 3 milyon dola a: Kindègadenn aplentan ak edikasyon atistik.

Ann akò avèk Chapit 89 Lwa 2016 yo, Distri a te reyalize objektif li nèt pandan ane lekòl 2016-2017 la, ki se mete kindègadenn aplentan pou tout elèv yo. Distri a te kreye 28 klas kindègadenn aplentan. Distri a te anboche tou sèt pwofesè kindègadenn monoleng, kat pwofesè bileng, uit pwofesè mizik, ak nèf pwofesè d a. Nou te itilize balans fon yo pou peye anplwaye yo, pou achte materyèl klas, ak pou teknoloji ansèyman.

ERCSD kontinye sèvi ak $2 milyon ki sòti nan yon Kredi Lejislatif ann amoni ak plan depans apwouve li a pou li sipòte pwogram kindègadenn aplentan ak pwofesè mizik e pwofesè boza yo. Distri a agrandi pwogram sa yo plis pase sibvansyon Eta a. Yo peye anplwaye anplis yo grasa fon jeneral Distri a. (Gade atachman - $ 3,000,000 Finansman Siplemantè pou Pwogram Enstriksyon pou kindègadenn ak A - ane lekòl 2019-2020.)

Distri yo te Siyen kontra

Gen de kontra, youn pou kan dete epi lòt la pou dezenfekte kan d ete yo, merite yon atansyon espesyal.

Gouvènè Cuomo te pibliye enstriksyon nan mwa jen 2020 pou tout pwogram ete lekòl leta yo kanpe akòz COVID-19. Tout kan d ete kote moun konn dòmi deyò te sispann tou. Sepandan, kan d ete chak jou yo te kontinye fonksyone, piske se tankou yon gadri kan d ete sa yo ye pou paran yo. Pa t gen okenn entèdiksyon kont kan sa yo pou yo sèvi avèk espas lekòl piblik yo depi yo respekte prensip sou lasante yo. Kòm Distri a t ap fonksyone sou yon bidjè ijans paske elektè yo pa t vote bidjè pwopoze pou ane lekòl 2020-2021 an, tout kan d ete k ap itilize etablisman ERCSD ta dwe fè sa san Distri a pa peye anyen.

Plizyè kan prive voye demann pou itilize etablisman lekòl leta yo. Yo te kreye kontra pou kan yo. Kontra yo te modifye pandan yon reyinyon Komisyon Konsèy la pou yo te mete ladan kan d ete yo te dwe swiv tout direktiv Depatman Sante nan Konte Rockland, sa ki gen ladan prensip sou netwayaj bilding yo. Nan moman reyinyon an, ni adjwen Direktè Finans lan ni Direktè Bilding / lakou pa t kapab estime toutbonvre pri netwayaj la. Monitè yo te vrèman pa dakò pou Komisyon Konsèy la otorize yo itilize bilding yo san yo pa konnen depans Distri a t ap gen pou l fè. Sipèvizè finansye a te li yon lèt byen fò nan reyinyon Komisyon Konsèy la nan mwa jen ki montre yo pa dakò ditou ak desizyon an. Komisyon Konsèy Distri a te modifye kontra kan d ete yo pandan reyinyon mwa jen an pou asire l li respekte tout règleman Depatman Sante nan Konte Rockland yo. Majorite nan manm Komisyon Konsèy yo te rejte objeksyon monitè yo epi yo te apwouve kontra kan dete yo.

Te gen yon konpayi netwayaj ki te netwaye bilding yo. Sepandan, yo pat byen kontwole konpayi sa a atravè yon pwosesis apèl d òf. Kan d ete yo te ka chwazi pou yo itilize yon konpayi netwayaj BOCES te apwouve, men yo pa t fè sa. Modèl finansman an pa t ase pou fè konnen si

òganizasyon ki t ap òganize kan d ete yo te peye tout lajan an pou Distri a epi si pa t gen okenn sibvansyon.

Monitè yo rekòmande pou gen mezi nesesè ki pran pou asire yo Biwo Acha/BOCES apwouve kontra kan ete yo epi pou se sèlman konpayi netwayaj ki gen lisans epi ki respekte règleman Depatman Sante Konte Rockland yo ane pwochen. Pwosesis sa a ta dwe kòmanse pa pita pase Prentan 2021.

Odit Ekstèn - 30 jen 2020 - Kòmantè / Pwen enpòtan

Nan kòmansman ane lekòl 2019-2020 an, Kontwolè finansye a te revize Odit Ekstèn lan pou peryòd ki te fini 30 jen 2019 la. Kontwolè finansye fini pati fiskal la nan rapò ane lekòl 2019-2020 an lè l revize Odit Ekstèn lan pou peryòd ki fini 30 jen 2020 an. Rapò a nan fen ane a reflete depans total, revni total, ak balans fon nan fen ane pou ane lekòl 2019-2020 an. Pandan konvèsasyon chak semèn avèk responsab Distri a, Monitè yo te travay avèk Distri a pou abòde mankman yo te remake yo pi vit ke posib, byenke se pa tout ki te rezoud nan fen ane lekòl 2019-2020 an.

Rezilta odit eta finansye 30 jen 2020 yo pa jwenn okenn feblès materyèl nan kontwòl entèn Distri a. Te gen plizyè pwoblèm yo te idantifye ki bezwen amelyorasyon:

1. Aktif fizik: Yo pa t swiv travay konstriksyon ki t ap fèt pandan ane lekòl 2019-2020 yo pou detèmine kantite lajan an ki ta dwe transfere nan bidjè pou bilding ak lakou pou fè amelyorasyon ak amòti. Te gen erè nan enfòmasyon yo rapòte bay konpayi ki t ap fè evalyasyon an. Yo ta dwe kenbe yon kalandriye pwojè imobilye pandan ane a, ki endike depans aktyèl yo, se pa kantite bon a òd (pruchase orders) yo ki ka fè sa. Yon dezyèm revizyon sou aktif fizik yo ta dwe fèt pou bay garanti konpayi a ap resevwa enfòmasyon ki egzak. Sa a se yon pwoblèm yo te idantifye nan ane anvan yo epi yo pa t rezoud li.
2. Fon pou pwojè imobilye: Te gen yon defisi de $ 95,782 nan dat 30 jen 2020 an. Defisi a te vin fèt akoz depans yo te depase lajan ki te disponib pou pwojè a. Apre 30 jen 2020, yo te transfere $ 95.782 nan depans nan Fon Jeneral la, ki rezoud pwoblèm sa a.
3. Jesyon Lajan Kach: Te gen $ 95,786 chèk pewòl ki te pi gran pase yon ane. Chèk pewòl sa yo ta dwe soti sou yon kont pasif, epi swiv pou ane a. Règleman Distri a se anile chèk pewòl an soufrans apre sis ane. Pwoblèm sa a ki konsène ansyen chèk pewòl te rezoud.
4. Kolateral: Distri a ta dwe siveye garanti twazyèm pati chak mwa pou chak bank. Revizyon an ta dwe antre nan rapò Trezorye a chak mwa.
5. Jounal ankèsman: Lajan yo te voye nan Jounal ankèsman an dwe rapwoche rejis kontab Distri a. Yon moun endepandan ta dwe konpare jounal ankèsman yo ak ankèsman ki te fèt yo. Sa a se yon travay k ap pwogrese, sa ki bezwen verifikasyon pandan ane lekòl k ap vini an.
6. Balans Fon ki pa atribye: Balans Fon ki atribye a te 5.53%. Lwa sou Taks sou Byen Imobilye Eta Nouyòk limite kantite lajan an a 4% nan Bidjè Fon Jeneral ane apre a. Lefètke lekòl te fèmen akòz COVID soti nan mas rive Jen 2020, pa te gen okenn depans transpò pandan peryòd sa a. Sa te fè n gen yon balans fon ki pi wo pase sa nou te prevwa

nan dat 30 Jen 2020. Tank èd transpò 2020-21 an ap diminye, nou pral itilize lajan anplis yo pou estabilize prelèvman taks la.

7. Fon pou Aktivite apre klas: Te manke dokiman pou verifye kèk resi. Siyati ki te manke epi resi trezorye ki te manke yo te yon pwoblèm ki pèsiste, piske demach kontab apwopriye yo pa t respekte. Monitè yo te sijere ke kontra a Distri ak oditè reklamasyon entèn yo bay sèvis kontwòl kontab reklamasyon menm jan an pou Fon an kont kont salklas siplemantè. Kontwòl entèn yo bezwen ranfòse konsènan kont salklas siplemantè yo.

Enkyetid monitè yo

1. Li nesesè pou sansiblize pi plis toujou paran elèv lekòl prive yo ak kominote a pou n ka jwenn sipò yo nan resous Distri a bezwen yo pou l ka bay bonjan sèvis a tout elèv k ap viv nan Distri a. Lefètke elektè yo kontinye pa vote bidjè yo, sa vin ogmante defi Distri a ap fè fas yo. Nan kat dènye ane ki sot pase yo, Distri a pèdi yon antou 5 milyon dola nan lajan ki te nesesè akòz bidjè yo pa t vote. Tout moun yo dwe fè yon gwo efò ansanm pou diminye tansyon yo.
2. Gen bezwen pou amelyore kominikasyon ant Direktè ak Komisyon Konsèy la. Yo te ajoute kontra kan d ete yo nan ajanda Konsèy mwa Jen an anvan yo pibliye ajanda a. Sa pa ta dwe rive ankò. Kontra Kan yo ak sèvis netwayaj yo dwe byen verifye anvan apwobasyon Komisyon Konsèy la. Etandone se chak ane yo fè demann pou itlize bilding lekòl piblik yo pandan jounen kan d ete yo, gen demach nòmal pou aksyon Konsèy la ki dwe respekte. Akòz restriksyon enpòtan COVID yo, tout pati yo dwe konprann sekirite dwe yon prewokipasyon prensipal. Te gen yon kantite depase atik "san randevou" yo te mete chak mwa nan ajanda yo Komisyon Konsèy pandan ane lekòl la.
3. Yo dwe pase men nan sit entènèt Distri a epi mete l ajou regilyèman pou l ka bay piblik la enfòmasyon alè, enfòmasyon ki egzak.
4. Yo dwe egzamine frè Distri a peye pou sèvis legal yo. Frè legal yo redwi nanfinansman ki disponib pou pwogram ansèyman yo epi, se poutèt sa, Distri a ta dwe fè efò pou asire l yo pa twòp.
5. Lefètke Distri a pa ka bay monitè NYSED yo enfòmasyon finansye yo alè, sa toujou rete yon gwo prewokipasyon. Si nou gen garanti sit entènèt Distri a ajou regilyèman avèk done finansye aktyèl yo, sa ap ede n abòde pwoblèm sa a.
6. Apati janvye chak ane, Lè sa a, lè li ajou chak mwa, Direktè a ta dwe Konsèy la ak kominote a yon rapò sou Previzyon balans Fon pou fen ane a. Sa pral montre pi plis transparans nan finans Distri a.

Rekòmandasyon Monitè yo

1. Distri a ta dwe kontinye bay elèv ak anplwaye plis fòmasyon sou itilizasyon Chromebooks yo ak lòt aparèy nimerik lè lekòl yo oswa klas yo bezwen fè lekòl a distans paske yo te fèmen akoz COVID-19 la.
2. Distri a ta dwe itilize done tès Star pou devlope yon plan entèvansyon pou abòde mankman ki genyen nan ansèyman paske ansèyman an te kanpe akoz COVID-19 epi kreye sipò anplis pou elèv yo yon fason pou n konble bezwen akademik yo.

3. Distri a dwe reponn alekri tout verifikasyon ak rezilta yo. Gen anpil rezilta kontwòl ki pa t abòde pandan ane lekòl 2018-2019 ak 2019-2020 an. Objektif Odit yo se ranfòse epi amelyore operasyon Biwo Biznis yo. Inyore kòmantè odit yo ap sèlman ogmante bezwen pou gen amelyorasyon. Kòmantè kontwòl kontab yo dwe korije pou n ka elimine mankman yo. Piske Odit yo disponib sou sit entènèt Distri a, se konsa tou sa ta dwe ye repons Distri yo.
4. Wòl ak responsablite nan Depatman Operasyon yo dwe byen defini. Direktè adjwen Finans lan pa sipèvize plizyè fonksyon ki ta sanble responsablite li ki baze sou tablo òganizasyonèl lan. Yo dwe abòde sitiyasyon sa a.
5. Distri a ak Komisyon Konsèy la ta dwe bay plis transparans nan tout domèn gouvènans lekòl la lè yo afiche materyèl yo prezante nan reyinyon chak mwa Komisyon Konsèy la òganize (egzanp, PowerPoints) sou sit entènèt Distri a nan fason piblik la ap ka jwenn yo pi fasil.
6. Te gen anpil chanjman pandan ane lekòl la pou amelyore responsablite nan kesyon transpò epi pou ekonomize lajan. Verifikasyon dat nesans, adrès kay, ak demann transpò chak ane anvan 1 avril pou elèv lekòl ki prive yo dwe kontinye. Piske majorite nan elèv k ap resevwa sèvis transpò yo se nan lekòl prive yo, li vrèman enpòtan anpil pou gen bon sipèvizyon.
7. Distri a dwe korije erè ki nan Rapò Vizit Siveyans Kowòdone NYSED a.
8. Distri a dwe mete sou pye mezi korektif anrapò ak Odit OSC sou distribisyon liv lekòl pou elèv lekòl ki prive yo.
9. Pandan ane lekòl 2019-20 an, te gen yon kantite reyinyon kote yo te ajoute pwen nan ajanda a pandan yon reyinyon Komisyon Konsèy la te fè. Pratik sa a pa ann amoni avèk angajman Komisyon Konsèy la pou l ta bay plis transparans. Li rekòmande pou monitè yo, lidèchip Komisyon Konsèy la, ak Direktè yo rankontre chak mwa pou etabli ajanda reyinyon an anvan yo voye ajanda a bay Komisyon Konsèy la ak piblik la.
10. Yo te kreye reyinyon yo chak semèn avèk Direktè an ak direktè adjwen Finans yo pou amelyore kominikasyon nan tout domèn nan operasyon Distri a, sa gen ladan pwogram ansèyman an. (Gade atachman tablo òganizasyonèl East Ramapo a.) Alavni, Monitè yo ta renmen ofisyalize pwosesis ki pèmèt Direktè a envite lòt anplwaye yo pou antre nan reyinyon yo, lè gen yon sijè nan ajanda a ki konsène yo.
11. Distri a dwe anboche travayè sosyal pou bay elèv yo sipò. Te gen youn nou te ajoute nan bidjè pou ane lekòl 2019-2020 an ki te demisyone anvan ane lekòl la te kòmanse. Bidjè pou ane lekòl 2020-2021 an pa t gen okenn lajan disponib pou anboche travayè sosyal yo.

Pwochen etap pou monitè leta yo

1. Ede Direktè a abòde mankman ki pi wo a. Yon fwa chwazi yo direktè pèmanan an, li dwe enplike e Depatman finans ak Operasyon yo dwe enfòme li. Direktè pèmanan an dwe gen bonjan konesans pratik nan domèn finansye li bezwen trete yo.
2. Asire l Distri a ranpli devwa li pou envite monitè yo pou patisipe nan tout sesyon piblik ak egzekitif Komisyon Konsèy la. Yo te atire atansyon monitè yo sou lefètke reyinyon Komisyon Konsèy yo te fèt san yo pa envite monitè yo. Anplis de sa, Monitè yo dwe resevwa tout enfòmasyon Komisyon Konsèy la resevwa; kounye a, monitè yo pa jwenn tout kominikasyon yo.

3. Kontinye rapòte pwoblèm akademik, pwoblèm fiskal, ak pwoblèm operasyonèl ki rive jwenn NYSED yon fason pou Depatman an ka travay avèk Distri a pou abòde yo.
4. Kontinye fè Dirijan Leta yo konnen jan kredi 3 milyon dola leta a enpòtan pou East Ramapo. Lajan sa a enpòtan anpil pou kenbe pwogram kindègadenn aplentan ak pwogram atistik ak pwogram mizik nan Distri a.
5. Kontinye fè reyinyon chak semèn avèk Direktè a ak lòt manm Kabinè yo pou jwenn yon konpreyansyon pi pwofon sou bezwen Depatman yo epi bay lidèchip Distri a sipò teknik li bezwen.

KONKLIZYON

Tout distri yo, sa gen ladan ERSCD, te fè fas ak anpil gwo defi pandan ane lekòl 2019-20 an. Pandan Distri a te kapab fè kèk amelyorasyon nan domèn akademik e operasyon pandan ane lekòl la, e ogmantasyon nan kantite gradyasyon Lekòl Segondè Spring Valley pou kat (4) ane te bay kè kontan, Distri a kontinye ap lite ak pwoblèm yo depi lontan. Pousantaj gradyasyon yo toujou pi ba pase mwayèn eta yo, epi pwogrè yo nan Lekòl Segondè Spring Valley te konpanse ak bès nan Lekòl Segondè East Ramapo a.

Kontinye gen posiblite pou amelyorasyon nan gouvènans Komisyon Konsèy la. Anplis de sa, mank de sipò elektè pou bidjè lekòl yo ansanm ak feblès pwolonje nan kèk sistèm fiskal ak sistèm operasyonèl yo kreye yon posibilite pou gen enstabilite fiskal alontèm amwenske yo ta rezoud sa totalman.

Apre pwoblèm pandemi an ki kontinye ak pwoblèm depi lontan yo te idantifye nan rapò sa a ak nan rapò monitè yo, Distri a dwe mete sou pye yon nouvo sistèm k ap pèmèt li chwazi manm Komisyon Konsèy yo epi nome yon nouvo direktè pou ede Distri a pwogrese.

Monitè yo pran angajman pou yo kontinye travay avèk Distri a pou reyisi mete sou pye plan estratejik alontèm ak amelyorasyon akademik ak fiskal distri a yon fason pou chak elèv ERSCD ka gradye nan lekòl segondè pou yo byen prepare pou yo ka vin manm ki aktif e k ap bay fwi nan sosyete a.

Atachman

- Tablo òganizasyonèl Lekòl Distri Santral East Ramapo
- Bidjè Estimasyon Revni 2020-21 – Lekòl Distri Santral East Ramapo
- $ 3,000,000 Finansman Siplemantè
- Senk ane Pwojeksyon Fiskal
    - CPI 1.6% ogmantasyon taks pou senk ane
    - Mwens pase CPI 1% ogmantasyon taks pou senk ane
    - 0% ogmantasyon taks pou senk ane

Atachman I

Tablo òganizasyonèl Lekòl Distri Santral East Ramapo

Atachman II

Bidjè Estimasyon Revni 2020-21 - East Ramapo Lekòl Distri Santral

Revni	**2019-2020**	**Estimasyon 2020-2021**
Sèvis Taks sou Byen Imobilye	154,490,227	$157,286,500
PILOT	272,674	270,853
Èd leta*	79,553,915	82,600,423
Eskolarite pou jounen lekòl	1,376,476	1,420,000
Sèvis Sante	416,208	475,000
Enterè	175,000	160,000
Itilizasyon Etablisman yo	440,000	470,000
Lwaye	115,000	283,213
Ranbousman Asirans	15,000	15,000
Avantaj Asirans Konpansasyon Travayè	82,500	151,019
Ranbousman BOCES pou ane anvan an	725,000	828,000
Transfè ant fon Sèvis Dèt	53,222	53,218
Medicaid	875,000	925,000
Èd pou peye eskolarite	1,700,000	1,920,000
Lòt posiblite	895,000	895,000
Balans Fon		
Revni Total	$241,185,222.00	$247,753,226
3 milyon dola sibvansyon	3,000,000.00	3,000,000.00
TOTAL	**244185222.00**	**250753216.00**

Atachman III

$ 3,000,000.00 Finansman Siplemantè

Pwogram ansèyman pou lekòl preskolè ak A

2019-2020

1) Lekòl preskolè aplentan

Eleman	**Pri**	**Bidjè esplikatif**
7 Pwofesè ki pale yonsèl lang	$512,208	Pou tout klas Kindègatenn yo pandan tout Jounen an
4 Pwofesè Bileng	$293,652	Pou tout klas Kindègatenn yo pandan tout Jounen an
Avantaj pou anplwaye yo	$279,429	Gen ladan Avantaj sante / kontribisyon retrèt / Sekirite Sosyal
Materyèl pou Klas	$74,711	Materyèl pedagojik
Teknoloji pou bay enstriksyon	$40,000	Materyèl
Bidjè Total pou jounen Konplè Kindègatenn	**$1,200,000**	

2) Pwogram A/ Pwogram Mizik pou kore A nan Ansèyman Primè

Eleman	**Pri**
8 Pwofesè Mizik	$542,823
9 Pwofesè d A	$737,127
Avantaj yo	$454,301
Ekipman pou klas / materyèl pedagojik	$65,749
Bidjè Total Pwogram d A	**$1,800,000**

Bidjè total: $ 3,000,000

Pwojeksyon Fiskal pou Senk ane

Ane fiskal la te fini 30 jen

	2021	2022	2023	2024	2025
Depans					
Tandans kontwole Salè Pwofesyonèl a 1% apre 2022	$93,188,278	$93,413,161	$95,229,913	$96,182,213	$97,144,035
Tandans kontwole salè klasifye a 1%	$14,587,975	$14,733,855	$14,881,193	$15,030,005	$15,180,305
BOCES a 1%	$18,856,173	$19,044,735	$19,235,182	$19,427,534	$19,621,809
Sèvis Dèt	$5,343,448	$5,339,038	$5,304,238	$4,864,962	$4,593,237
Èd espesyal ak lòt èd pou peye eskolarite/1.5% chak ane	$7,909,550	$8,028,193	$8,148,616	$8,270,845	$8,394,908
Kontra transpò / a 5% chak ane	$36,741,078	$38,578,132	$40,507,038	$42,532,390	$44,659,010
Sante / a 3.5% chak ane	$28,316,255	$29,307,324	$30,333,080	$31,394,738	$32,493,554
Tout lòt avantaj yo a 2% chak ane	$25,250,551	$25,755,562	$26,270,673	$26,796,087	$27,332,008
Depans legal yo	$2,560,000	$2,000,000	$2,000,000	$2,000,000	$2,000,000
Tout lòt Depans / a 1% chak ane	$16,991,545	$17,161,460	$17,333,075	$17,506,406	$17,681,470
TOTAL DEPANS	**$249,744,853**	**$253,361,460**	**$259,243,010**	**$264,005,180**	**$269,100,336**
REVENI					
Tout Èd Eta / a 2.5% chak ane	$82,600,423	$84,665,434	$86,782,069	$88,951,621	$91,175,412
Taks sou pwopriyete imobilye / 1.9% pou 2 zan plis pase 1.6% chak ane	$154,490,227	$157,580,032	$160,574,052	$163,143,237	$165,753,529
Finansman siplemantè	$3,000,000	$3,000,000	$3,000,000	$3,000,000	$3,000,000
Afektasyon Balans Fon	$1,787,900	$0	$0	$0	$0
Tout lòt revni a yon tandans 1.5%	$7,866,303	$7,984,298	$8,104,062	$8,225,623	$8,349,007
REVNI TOTAL	**$249,744,853**	**$253,229,763**	**$258,460,184**	**$263,320,481**	**$268,277,948**

Eksè / (defisi)	**$0**	**$131,697**	**$782,826**	**$684,669**	**$822,389**
Balans Fon nan kòmansman ane a	**$6,698,845**	**$5,158,290**	**$5,026,593**	**$4,243,766**	**$3,559,067**
Transfè egzak	$0	$0	$0	$0	$0
Balans Fon atribye e ki pa disponib	$699,576	$700,000	$700,000	$700,000	$700,000
Balans Fon ki pa atribye	$5,999,269	$4,326,593	$3,543,766	$2,859,067	$2,036,679